«МОКалъул» ритІухълъи макьидаса борчІиларородай? 3 гьум. >>>

№17 (19901) hakikat_gazeta istina@etnomediadag.ru hakikat.info

АССАЛАМУ ГІАЛАЙКУМ

ХІАКЪИКЪАТ

МАГІАРУЛАЗУЛ РЕСПУБЛИКАЯЛЪУЛАБ КАЗИЯТ

7 май 2024 с.
талат

## БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪУЛ КЪО

# Къимат холареб байрамлъун хутІун буго



«МахІачхъалаялда Бергьенлъиялъул къо кІодо гьабулеб буго». Василий Горчаковас квералъ бахъараб сурат.

*Гьале тІаде щолеб буго нилъее бищун асар гьабулел байрамазул цояб - Бергьенлъиялъул къо. ВатІан цІунизе къватІире рахъин гуреб, цоги батІияб гІайиб гьечІого гІумруялдаса ратІалъарал, фашизмалъул къурбаналлъун лъугьарал нилъер улкацоял, ракьцоял ракІалде щвезарулеб къо. Гьединлъидал, кигІан заман аниги, месединил кинниги, къимат холареб байрамлъун хутІун буго нилъее гьеб.*

*1991 соналъул баяназда рекъон, «Совет Союзалъул БахІарчи» абураб цІар щвана 12776 чиясе. КІудияб ВатІанияб рагъул заманалда гьеб цІар кьун букІана 11657 чиясе, гьездаго гьоркьоб - 90 чІужугІаданалъеги.*

*Гьединго 75 дагъистаниявги (гьезда гьоркьов вуго анкьго магІарулавги) мустахІикълъана «Совет Союзалъул БахІарчи» абураб цІаралъе. Жеги-жеги гьоркьоб къотІун гьечІо гьезул цІар даим гьабиялъулги рахчун хутІарал гьезул гьунарал тІатинариялъул рахъалъги нилъер тарихчагІаз ва цогидал хІаракатчагІаз гьабулеб хІалтІи. Тавпикъ кьеги гьезие гьеб кири кІудияб ишалъулъ, хваразул мунагьалги чураги.*

*Гьединго, додинаб жужахІ тІокІалъ такрарлъунгутІичІого букІинелъун, кІочене хъван батугеги нилъеда ва хадусел гІелазда доб рагъда ва тылалда нилъер умумуз къулчІараб къварилъигун гІазаб.*

*РЕДАКЦИЯ*

## ЩИВГО КІОЧОН ГЬЕЧІО...

### Горда лъун толаан бакараб чирахъ

*Расул ХІамзатовасул цІаралда бугеб Миллияб библиотекаялъул архивалда батана КІудияб ВатІанияб рагъ лъугІаралдаса 50 сон ун хадуб хъвараб гьаб кагъат.*

7 гьум. >>>



### «Поезд гурищ бачІунеб бугеб?»

*Огь, къисмат... РахІму гьечІого, цоцоккун кодоса лъималги рачун тана дуца, Ишкарталиса гІадатияв васасе ячарай, цІар бугеб хундерил тухумалъул лъикІай яс.*

12 гьум. >>>



# Диктант: духъа хъван бажарулищ?

**4 маялда «Россия – дир тарих» абураб парк-музеялда хъвана магIарул мацIалда диктант. Нужеда ракIалда батани, гъоркьисаги хъван букIана гьединабго диктант, гьебго бакIалдеги ракIарун. 2019 соналдаса нахъе тIобитIулеб буго гьеб тадбир ва исана магIарулаз хъвана щуабилеб нухалда диктант.**

Гъоркьисаго гIадин, гIемерав чи вачIун вукIана исанасеб тадбиралде. МагIарухъагицин рачIун рукIана диктант хъвазе гIадамал. Бихьулеб букIана нилъер чагIазе гьеб иш рекIее гIун букIин.



Араб соналъго гIадин, исанаги гьеб тадбиралъе цебехъанлъи гьабуна «Аварал» абураб жамгIияб гIуцIиялъ.

Диктант хъвазе байбихьилалде гьелъул хIаракатчIужу Фатимаца бицана магIарул мацI цIуниялда сверухъ «Аварал» гIуцIиялъ гьабулеб бугеб хIалтIул хIакъалъулъ. Рахьдал мацIалде рокьи бугониги, гьеб лъазабизе санагIалъи гьечIого рукIарал гIадамазда жидеца гьеб малъизе байбихьараб куцалъул. Мисалалъе, гьез магIарул мацI малъун буго Липецкиялдаса ячIарай Елена Шумскаялдаги. Гьейги ячIун йикIана диктант хъвалеб тадбиралде. ДагьабгоI бекбекун бицунеб бугониги, бацIцIадаб магIарул мацIалда хитIаб гьабуна гьелъ диктант хъвазе рачIараздехун.

Хадуб МахIачхъалаялъул №11 лицеялъул мугIалим, «ХIакъикъат» газеталъул хIалтIухъан МухIамад Манаповасургъараб, къанагIат гурони болмацIалда хIалтIизаруларел рагIабазул магIна лъазелъун къецги тIобитIана залалда рукIаразда гъоркьоб. Тадбирин абуни нухда бачана Рамазан Халидовас.

Диктант цIалана МахIачхъалаялъул №8 лицеялъул авар мацIалъул мугIалим, Хунзахъ районалъул Харахьиса Эльмира Жамаловалъ.

Исанасеб сон улкаялда Хъизамалъул лъагIеллъун лъазабун бугелъул, гьеб темаялда хъвана диктантги.

…Ункъабилеб май. Диктант. Хъизан… Гьел рагIаби цере рехун рачIана сценаялда лъураб кIудияб экраналде. Амма диеги цогидазеги гьеб букIана некIого кIочон тараб, школалъул классалда бан букIараб доскалъун. Гьеб доскаги, диктант цIалулев магIарул мацIалъул мугIалимги, мунагьал чураяв ГIусман МухIамадхановичги щвана ракIалде. Гьел ракIалдещвеяз цIидасан вачана лъимерлъиялде. Диктанталъе щиб къиматдай щвелаян жанисеб рахIатхвейги, предложение такрар гьабулев мугIалимасул гьаракьги, тIотIол гурони сас рагIулареб классалъуб сихIкъотIиги – гьеб кинабго нахъеги цебе бачIана ва гьелъ гIемераб жо ракIалдеги щвезабуна.



Нахъруссинин «Россия - дир тарихалде». 400-гIанасев чияс занкIун цIун букIана гIатIидаб зал. Диктант хъвазе рачIаразда гъоркьор рукIана хIакимзабиги, гIалимзабиги, тохтурзабиги, гIадатиял захIматчагIиги, студенталги, школлъималги. Диктант хъвазе рачIун рукIана рикIкIадал росабалъа рахьдал ва гIурус мацIалъул мугIалимзабиги. РукIана



гьенир гIисинал лъималгицин.

Гьеб хъван бахъиндал, зал цIидасан чIаголъана. ГъалатIазул халгъабизе авар мацIалъул мугIалимзабазул кIудияб къокъа цояб рокъобе ана. Гьезул хIалтIи лъугIизегIан, залалда рукIаразе рекIелгъеялъе тадбирги ургъун бугоан гIуцIарухъабаз.



Сценаялде ахIана лъабго васги лъабго ясги. Щивасе къуна тIадкъай, ай минуталда жаниб Шамил имамасул наибзабазул цIарал кагътиде росизе, магIарул мацIалда ругел кьеразул сияхI рикIкIине ва умумуз хIалтIизабулеб букIараб тIагIелалаталда цIар абизе. Иргадал кьезе кколеб букIана жаваб. Бергьана ясазул къокъа. Амма цонигиял сайгъатал кьечIого нахъе риччачIо. Хадуб, нахъеги тIобитIана залалда рукIаразда гьоркьоб конкурс-викторина.

Бащдаб сагIаталдаса цIикIкIун заман ун хадуб, рачIана хIалтIаби росун. Диктанталъе нусго балл щварал сценаялдеги ахIун загъир гьаруна. Гьезие кьуна меседил кьералъул сертификаталги. ХутIаразул хIалтIаби рикьулел рукIана жанахIалъур. Нагагь нужее интерес батани бицунеб буго, дие щвана 99 балл. Цо бакIалда лъалхъул ишара лъун батичIо, гIедегIалихъе...



ЖанахIалъур рукIана тарихчагIи ХIажимурад Доногъол ва ПатIимат ТахIнаевалъул тIахьал ричулеб выставкаги.

Имам Шамилил хIакъалъулъ Доногъоца хъвараб цIияб тIехьги босун, дицаги рокъобе хьвагIизабуна.

МагIарул мацIалда диктант хъвалеб тадбиралда гIахьаллъана «ХIакъикъаталъул» хIалтIухъабиги.

Рахьдал мацIцIуниялъулъ магIарул газеталъ лъолеб бугеб бутIаялъул, гьединго, газеталъул тарихалъул ва нахъа тараб нухалъул хIакъалъулъ бицана «ХIакъикъаталъул» бетIерай редактор Зульфия ХIажиевалъ.

Экраналдасан рихьизаруна нусгоялде гIагарун соналъ нахъе цIунун ругел газеталъул басриял номерал, редакциялда хIалтIарал машгьурал чагIазул суратал ва цогидабги.

*Ашахан ЮСУПОВ*

# «МОКалъул» ритIухълъи макьидаса борчIиларoдай?

## ЦIиял чемпионал ва ГIабдулрашидил хадусеб къисмат

**4 маялда Москваялъул Одинцово шагьаралда тIобитIараб эркенаб гугариялъул рахъалъ Россиялъул чемпионат рагIалде бахъана. Олимпиадаялда цебе тIобитIулеб турнир букIиналъ, гьелдехун буссун букIана гIемерисезул кIвар. Щайгурелъул гьелъ загьир гьабулеб букIиндал кIиго моцIидасан Парижалда тIоритIизе ругел Олимпиялъул хIаязда гIахьаллъизе унезул сияхI.**

**Дагъистаналъул тIаса бищараб командаялъ лъикIал хIасилал рихьизаруна гьенир. Анкьго меседил, анцIго гIарцул ва микьго мазгарул шапакъаталгун нахъруссана нилъер спортсменал. Гьезда гьорлъ руго ясалги, руго цIиял цIаралги. Дагъистаналъул къокъаялъул цевехъан ГI. СагIадулаев анлъабилеб нухалдаги вахъана Россиялъул чемпионлъун.**

**Гьале меседил медаль щварал чемпионазул цIарал:**

**АхIмад Идрисов - 57 кг; Заур Угуев - 61 кг; Шамил Мамедов – 65 кг; МухIамад МухIамаев - 79 кг; Ибрагьим Къадиев - 86 кг; ГIабдулрашид СагIадулаев - 97 кг; ГIабдула Къурбанов - 125 кг.**



### ГIабасхIажие ккечIеб битI ва Къадиевасул гъужум

Киналго цIар-цIарккун рехсолел гьечIо, сияхI халатаб букIиналъ. Меседил, гIарцул ва мазгарул шапакъатал щваразда гьоркьор руго нилъер ракьцоялги. Баркула киназдаго бергьенлъи! Хадур гIемерлъаги ва баракат лъеги.

ХIакъикъаталдаги интересал дандчIваял рукIана чемпионаталда. Жакъа бицина бищунго ракIалда чIарал гIадинал къецазул.

**57 килограммалда** цеве вахъунев вукIарав Заур Угуев, щуго кило тIаса рехизе бокьичIого, Одинцовоялда гугарана 61 килограммалъул цIайиялда. Анкьабилеб нухалдаги вахъана гьев Россиялъул чемпионлъун. ТIадагьаб цIайиялда жакъа нилъер республикаялда бищун цеветIурав спортсмен вугин абизе бегьила гьесда. Заур ккола Токиоялъул Олимпиадаялъул чемпионги, исанаги цIидасан Олимп квегъизе ине хIадурлъулев вуго, икьбал битIаги ва тавпикъ кьеги.

Цеве **61 килограммалдаги** цеве вахъунев вукIун, гьанже цIияб цIайиялъул (**65 кг**) хIалбихьизе къасдгун вачIана чемпионаталде ЦIумада районалъул ТIисси росулъа ГIабасхIажи МухIамадов. Европаялъулги дунялалъулги чемпион, гьунар бугев речIчIухъан вуго гьев. Гьеб гьунар жиндие Аллагьас гIадада кьун гьечIеблъи бихьизабуна гьес Одинцовоялдаги. Финалалда гьевгун дандчIвазе хIадурун вукIана, Москваялъе гIоло цеве вахъунев гьесулго ракьцояв Шамил Мамедов. ЦIакъ хIалуцараб къеркьей букIана кIияздаго гьоркьоб. Цонигиясе бокьун букIинчIо къезеги. Халат гьабун гьелъул бициналъул магIна гьечIо гьаниб, гьезул дандчIвай нужедаги бихьун батила. Цо баллалъул тIокIлъигун бергьана Ш. Мамедов.

Гьеб чемпионаталъ загьир гьавуна цоги цIияв речIчIухъан - Ибрагьим Къадиев. **86 килограммалъул** цIайиялда цеве вахъунев гьес финалалде щвезегIан къезавуна цоясдаса цояв къуватав лъабго речIчIухъан. Финалалда гьесухъ балагьун чIун вукIана Россиялъул кIицIул чемпион, Кабардино-Балкариялдаса Малик Шаваев. Ахирисел секундазда бахъана гьесухъа бергьенлъи Ибрагьимица ва вахъана Россиялъул чемпионлъун. Гьанжего гьанже къойилъе вахарав гIолохъанчи ккола гьев. Анкьалъ цеве гьев бергьун вукIана гIолилазда гьоркьоб тIобитIараб улкаялъул чемпионаталдаги ва, гьенир киналгоги хIайран гьарун, вачIана Одинцовоялде. Гьенибги пири речIчIараб гIадаб жо гьабуна гьес. Гьеб турниралъул «цIиргьиян» цIар чIвана И. Къадиевасда. Парижалде унезда гьоркьоб жиндирго бакI кквезе мустахIикъав вугин гьевин абуна спортивиял аналитиказги. Амма гьесулго цIайиялда дунялалъул ва Европаялъул къецазул чемпион Артур Найфоновги вугелъулха резервалда. Щив иневали хIукму гьабила хадуб…

### «Танкалъ» Парижалде ишан босана

Киналго ралагьун чIараб ва турниралъул бищун аслияб бутIалъун букIана **97 килограмм** цIайиялъул финал. ГIабдулрашидилги гьесулго ракьцояв ГIалихан ЖабрагIиловасулги дандчIваялъухъ балагьун сабру хун рукIана гIемерисел. Ярыгинил турниралдаса хадуб кIиго кIудияб къецалдеги виччачIого хутIун вукIарав ГI. СагIадулаевасе гьеб букIана Парижалъул Олимпиадаялде ворчIизе бугеб ахирисеб рес. Ва гьеб ресалдаса гьес пайда босичIогоги течIо. 8:4 хIасилгун бергьана гьев финалалда.

ГIабдулрашидица цоги нухалъ тасдикъ гьабуна Россиялъул ва дунялалъул гугарухъабазда гьоркьов гьесулгун гьеж бухьине кIолев чи гIемер гьечIевлъи. Ругезда гьоркьосаги рехсезе бегьула Хьаргабиса гIолохъанав речIчIухъан АхIмад Тажудинов. Бахрейналъул легионер ккола гьев. Амма гьевгун цIидасан речIчIизе ккани, ГIабдулрашид цин ворчIизе ккола Парижалде. Гьенибе абуни гьесие гьабсагIат нухал къалел руго МОКалъ. Гьезул политикаяб бербалагьиялъ виччачIо гьев Бухаресталдеги, Европаялъул чемпионаталде. Гьезго нух къана моцIалъ цебе Бакуялда букIараб лицензиялъулаб турниралдеги. Гьесул бакIалде гьениве арав ва Парижалъул Олимпиадаялде ине путевка тIалаб гьабун нахъвуссарав ГI. ЖабрагIилов ГIабдулрашидица Россиялъул чемпионаталда къезавуна. Гьанже киназулго рахIат хвезабурав суал буго щив инев Парижалде абураб: ГIабдулрашидищ ялъуни ГIалиханищ?

ХIалбихьиялъул ва машгьурлъиялъул рахъалъги, щварал шапакъатазда рекъонги ва ахирги къуватгун тулакълъиялъул рахъалги тIокIлъи буго ГIабдулрашидил. Гьеб бихьула нилъедаги. Гьеб бихьула Россиялъул гугарухъабазул федерациялдаги, халкъазда гьоркьосеб гугарухъабазул гIуцIи - UWW идараялдаги ва бищунго аслияб жо - ГIабдулрашидил тIокIлъиги гьунарги бихьула гьесул дандияздаги. Бакуялде гьев виччачIолъи квеш букIун, ГIабдулрашидил рахъккураб хитIаб гьабун букIана гьесул аслияв конкурент, СШАялдаса машгьурав атлет Кайл Снайдерицаги. ТIолабго континент ва гьединго дунялалъулго спорт бокьулел ралагьун чIун ругин гьаб нухалъги Парижалъул Олимпиадалде гьел кIиязулго дандчIваялъухъин хъвалеб буго «Спорт» РИАялъ. Гьебин абуни, ккола дунялалъулго чIахIиял телеканалазе ва интернет-сайтазе цIикIкIун рейтингал щолеб рес. Гьеб хIисабалде босизе ккола МОКалъ ва, гIакълу бугел чагIи гьенир ратани, гьез политикияб суалги добегIан цун, ГIабдулрашид виччазе ккола Парижалде. Гьединаб буго Россиялъул церетIурал спортивиял басмабазул ва аналитиказул пикру. «ТIутIал батIаго, котлетал батIаго» абураб гIурусазул кици ракIалде щвезабулебги буго гьез.

ГьабсагIаталда чIванкъотIун ГIабдулрашид ворчIилищ Парижалде ялъуни ворчIиларищ абурал суалалда хурхун, гьадин рикIкIунеб буго нижеца цIех-рех гьабурал экспертаз.

### МОК - мун мекъдаруге

**Мурад Канаев, спортивияв обозреватель ва аналитик:**

- ГIабдулрашидида хурхун кинаб хIукму МОКалъ къотIилебин гьикъани, дица абила гьез хIукму цебего къотIун бугилан. Гьез гьесде гIунтIизабуна РФялъул аскариязул къокъаялда гьорлъ гьев вукIиналъул гIайибги, СВОялъул гьес рахъкквейги, цогидабги. Гьел гIайибазул гIомо сабаблъун гьев махIрум гьавуна Европаялъул чемпионаталдаса ва Европаялъул лицензиялъулаб турниралдаса. Гьеб гIадада гьабураб жо букIинчIо ва гьане гьез жидерго хIукму хисизабилин абураб жоялда божиги дагьаб буго. Амма гьеб киналъухъго балагьичIого, хьул буго UWWялъгун РФялъул гугарухъабазул федерациялъ кагъталги хьван, ходатайстваби гьарун МОКалъул пикру хисизабизе кIвелин абураб. Политикиял хIаязул сан гьабичIого, ГIабдулрашидил киназдасаго тIокIаб гьунаралъухъги, дунялалда гьесул бугеб машгьурлъиялъухъги балагьун, гьез (МОКалъ) берал къанцилин цогидаб рахъалде, ай сиясаталде абун. UWWялъул нухмалъулев Джоваковичги ккола Мамиашвилил хIукмуяв гьудул, гьел кIиязулго жигаралъ ва хIаракаталъ ахирги хIасил кьелин абураб божиги буго дир.

Аллагьас кумек гьабегиха ГIабдулрашидие.

***Ашахан ЮСУПОВ***



# «ЧIагояб классика»

**27 апрелалда МахIачхъалаялда, Р. ХIамзатовасул цIаралда бугеб миллияб библиотекаялда данделъун рукIана магIарулал. Гьаб нухалда - «ХIакъикъат» газеталъул редакциялъ тIобитIулеб «ЧIагояб классика» абураб республикаялъулаб конкурсалъул ахирияб бутIаялде.**

**Исана конкурс тIобитIана ункъабилеб нухалда. 2021 соналъ тIоцебе гьеб гьабуна «ХIакъикъаталъул» редакциялда. Амма соналдаса сональде гIахьалчагIазул къадар цIикIкIунеб буго.**

Арал соназда «ЧIагояб классика» тIобитIана Фазу ГIалиевалъул ва Расул ХIамзатовасул юбилеязе сайгъат гьабун, исана - тIолабго улкаялда лъазабун бугеб Хъизамалъул соналъул хIурматалда.

гIахьалчагIаз. Аслияб хIалалда, кучIдул рикIкIиналъул кьецал тIоритIулелъул, проза тIаса бищизеги рекIехъе лъазабизеги киназего бигьа букIунеб гьечIо.

- Дун гIемер унаан гIурус мацIалда цереккунго хIасилалги гьарун, шапакъаталги кьезе, цIидасан асаразухъ гIенеккизеги данделъана гьеб кьоялъ Миллияб библиотекаялда.

Миллияб парталги ретIун, гьира-шавкъалда тадбиралда церерахъине рачIарал лъималазул рохалил сас библиотекаялъул лъабабго тIалаялдаго боржунеб букIана.

Тадбир нухда бачана «ХIакъикъат» газеталъул мухбир, МахIачхъала шагьаралъул №11 гимназиялъул авар мацIалъул ва адабияталъул мугIалим МухIамад Манаповас.

яхъарай «ЧIагояб классикаялъул» гIуцIарухъан Шамай Хъазанбиевалъ.

Редакциялъул рахъалдасан Баркалаялъул кагътал кьуна санайил жиграб гIахьаллъи гьабулел школазул директорзабазеги.

Тадбиралде рачIарал гьалбадерида гьоркьор рукIана ДРялъул Халкъиял шагIирзаби Залму Батирова ва Сабигат МухIамадова, филологиял гIелмабазул доктор, профессор МухIамад МухIамадов (Ибрагьимович), хъвадарухъан ХьистIаман СултIанбегова ва цогидалги. Гьезги



ТадбиралЪул гIахьалчагIи

ЛъикIаб гIадатлъун лъугьун буго «ХIакъикъат» газеталъ гьединал литературиял тадбирал тIоритIи. Ахириял соназда «ШагIир херлъуларо, шагIир холаро» абураб проекталда рекъон, магIарул шагIирзаби ва хъвадарухъаби ракIалде щвезариялъул тадбирал тIоритIана гьебго миллияб библиотекаялда.

тIобитIулеб «Живая классика» абураб конкурсалде. Дие цIакъ асар гьабулаан гьениб гIурусазул ва къватIисел улкабазда хъвадарухъабазул асарал лъималаз цIалулеб куцалъ. Пикру ккана магIарул мацIалда гьединабго тадбир тIобитIизеги. БитIун бицани, ракIалдецин ккун букIинчIо гьадигIан гIемер



Исана «ХIакъикъаталъул» редакциялдаго цадахъ конкурс тIобитIиялъе квербакъи гьабуна ДРялъул рахьдал мацIазул мугIалимзабазул ассоциациялъ ва Россиялъул халкъазул ассамблеялъул Дагъистаналда бугеб отделениялъ.

Исанасеб «ЧIагояб классикаялда» гIахьаллъана 100-гIан чи. Гьайгьай, гьоркьиса ва кьерциса кIинусгоялдасаги цIикIкIун гIахьалчи вукIана. Ахираб кIиго соналъ конкурсалда гIемер батIибатIиял номинациязги рукIана. Исанайин абуни гIицIго хабарияб асар рекIехъе цIализе кколаан

гIахьалчагIи рукIинин. Гьеб кьецалда гIахьаллъула цохIо лъимал гурелги, гьезул мугIалимзабиги, улбулги, чахIияб ригьалъул гIадамалги, - ян бицана Шамай Хъазанбиевалъ.

Конкурсалъул тIалабазда рекъон, гIахьалчагIаз цереккунго рехизе ккolaан нижехъе асарал цIалулел видеороликал.

ГIахьалчагIиги рикьун рукIана ункъо кьокъаялде. ТIоцебесеб кьокъа: ясли-ахазул ва байбихьул классазул цIалдохъаби. КIиабилеб кьокъа: 5-8 классазул цIалдохъаби. Лъабабилеб кьокъа: 9-11 классазул цIалдохъаби. Ункъабилеб кьокъа: чIахIиял.

Дандеруссиналъе лъикIаб байбихьи лъуна МахIачхъала шагьаралъул №35 гимназиялъул байбихьул классазул цIалдохъабазул хоралъ. Гьез ахIарал «Бице, эбел ВатIан» ва «Дагъистан» кучIдуз асар гьабичIев чи гьеб кьоялъ залалда хутIун ватиларо.

Баркиялъул каламгун кIалъазе яхъарай «ХIакъикъаталъул» бетIерай редактор Зульфия ХIажиевалъ баркала кьуна киналго гIахьалчагIазе ва абуна гьединал тадбирал хадурккунги тIоритIизе ругин редакциялъин.

- Жакъа нилъеца гIемер бицунеб буго рахьдал мацIги, адабиятги, тарихги, маданиятги цIуниялде кьезе кколеб кIваралъул. Гьадинал тадбиразги гьелда сверухъ гьабулеб хIалтIулъ кIудияб бутIа лъола.

«ЧIагояб классикаялъ» данде гьарулел руго цохIо цIалдохъабиги гьезул мугIалимзаби гурелги, гьезул умумулги. Гьеб нилъ киналго рохизе ккараб хIужа буго», - ян бицана З. ХIажиевалъ.

- Исана цоялдаса цоял лъикIал, рекIее асар гьабулел хIалтIаби ритIун рачIана нижехъе. Бигьаго букIинчIо гIахьалчагIазе къимат кьезеги. Киналго гIахьалчагIаз бергьенлъи босанин абизе кIола дида. ТIолгороссиялъул конкурсалда киниги, 80-100 балл босаразе - 1 бакI, 60-79 балл босаразе - 2 бакI, 40-59 балл босаразе 3 бакI кьуна нижеца. Щибаб хIалтIиялъе къимат кьолаго, нилъер букIинесеб гIелалдаса чIухIиги рохелги рещтIунеб букIана рекIелъ. Унго, гьез гьел цIалулел рукIарал гьуинго, рекIелъе рортиледухъ. Гьединал, нилъер адабияталдеги мацIалдеги рокьи бугел лъимал рихьидал, дида ракIалде ккана нилъер мацIги, гьеб мацIалда хъварал хIикматал асаралги даим чIаго хутIилин, - ян бицана кIалъазе

киналго гIахьалчагIазда баркана гьезие щварал бергьенлъаби ва кьуна шапакъатал.

Тадбир берцин гьабуна ДГПУялъул студентка, Хунзахъ районалъул Харахьи росулъа Марьям ГъазимухIамадовалъ Муи ХIасановалъул репертуаралдаса ахIараб «Къо лъикI, Гъуниб» кечIалъ ва Авар театралъул артист МухIамад Дудуевас цIалараб «Дир Дагъистан» асаралдаса бутIаялъ.

Амма тадбиралъул бищунго берцинаб ва ракIгъураб бутIа букIана гIахьалчагIаз асарал цIали.

Абизе ккола, тIоцересел соназ гIемерисез тIаса рищулел рукIана лъалел, машгьурал, ялъуни школалъул программаялда ругел асарал. Амма исанасел гIахьалчагIаз ракIалде щвезаруна церего хъваралги гьанжесел хъвадарухъабаз хъваралги асарал.

Лъималазгун чIахIияз гIенеккарал цин релъизарулел, цинги ургъизе тIамулел рукIана.

Жидецаго тIаса бищараб асаралъул героязул образалда цIалулеб букIана киназго.

Баркалаялъул кагътал кьуна гIахьалчагIи хIадурарал мугIалимзабазе ва улбузе.

Исана аслияб куцалъ гIахьалчагIи рукIана Хунзахъ, ЦIумада, Гъуниб, Болъихъ, Унсоколо, Гумбет, ГIахьвахъ, Гъизляр, ЛъаратIа районаздаса ва МахIачхъала, Гъизилюрт шагьараздаса.

Миллияб адабияталъул гьасде данделъарал магIарулаз берцин гьабураб тадбиралъе ахир лъуна киназго цадахъ Расул ХIамзатовасул рагIабазда ахIараб «МагIарулал» кечIалъ.

*МухIамад МАНАПОВ*

# Кинго учузлъулареб гьан

ГIемерав чияс бицуна ахираб заманалда кванил нигIматазул багьаби битIахъе «зодоре» унел ругин абун. Хасго хиралъулеб бугин гьан. Гьелъул хIакъикъат лъазабиялъул мурадалда, газеталъул хIалтIухъаби щвана МахIачхъала ва Хасавюрт шагьаразул базаразде.



Хасавюрт шагьаралъул гьанал павильон

**МахIачхъала**

МахIачхъала шагьаралъул №2 базаралде щведал, гьан бичулев ватарав МухIамадида цIехана багьа.

- Дуе кинаб къваригIун бугеб? ЧIегIерхIайваналъул багьа буго 530 гъурущ. ГIиялъажоялъул гьанахъ – 650 гъурущ. Гьале лъикIал «стейкалги» руго 900 гъурщиде, - ян абуна гьес.

**- Дур гьан щай хираго бугеб цогидазулалдаса?**

- Нижецаги къватIибе битIулезухъа заказ гьабун босула. Хираго щола гьеб нижееги. РукIуна учузго бичулелги, гьезги учузго босулелъул. Дие хираго щолеб бугоха.

**Батани ниж цогидазде аскIоре инин гьесдаги абун, рильълъана Мухлисатихъе.**

- ЧIегIерхIайваналъул гьанал кило буго 500-510 гъурущ, горбогъод – 450 гъурщиде. ГIиял гьан дихъ гьечIо. Мадугьаласда цIехе, гьев вуго гьелъул чи, - ян абуна гьелъ.


МахIачхъалаялъул №2 базаралъул гIанкIаби ричулеб павильон

- Дихъ буго гIиял гьан, - ян бицана гьелъул мадугьалас. – Масала, гьале лъикIал стейкал – 750 гъурщиде кьолел руго. «Передок» (ратIаялда гьедин абулеб буго) - 550, «задок» (бохалда абулеб къагIида) - 580.

**Щайха гьедигIанго учузго бичулеб, дур гьан тIагIамаб батилароян махсараги гьабуна нижеца гьелъие.**

- Кутакалда тIагIамаб гьан буго. Рокъобеги босун, цIан-пурччги рекъезабун белъе, нужедаго гьелъул тIагIам бихьизе, - ян дандего махсара гьабуна гьан бичулелъги.

**- Гьедин белъани, бокьараб жо лъугьина тIагIамаблъун,** - янги абун, хабар къокъ гьабуна нижецаги.

Гьенисан ниж щвана гIанкIабазул, гургуразул ва цогидалги рукъалъул хIанчIазул гьан бичулеб рахъалде.

Гьениб гIанкIудал гьанал кило буго 250 гъурщиде. ГIанкIуялда чан кило бахъулебин цIехедал, гьениб бицана 2,5-3 кило бахъулин абун. ВахIилан ккана ракIалде, гIанкIудал багьа бахунеб буго 700-750 гъурщиде. ЧохIоца кварал гIадал гIанкIаби ругоан цоялда цере, цIакъ учузго кьолел ругинги абун, гьел ругила «домашниял». Багьа - 750 гъурущ.

Гьединаб «домашний» гIанкIу кваназегIан, кваначIого йикIинин дунилан гьелдаги абун, сверана цогидаб рахъалдехун.

ГIанкIудал ххенараб гьан буго 250 гъурщиде.

АскIорго ричулел гургурал ругоан 450-500 гъурщиде кило гьабун. Гьединаб багьаялда рекъон гургур босизе ккани, гьеб бахунеб буго тIубараб гIиялъажоялъул багьаялде.

**Базаргабаздаса бальго, гьан босулелъе къуна цо гьадинаб суал: рази йигищ жакъасел багьабаздаян абураб.**

- Валлагьги гьечIоха, дир яс. Жакъа дие пенсиялде тIаде гъурущ жубалареб мехалда, гьанги гьеб гуребги гьадин хира гьабизе бегьилищ? Нилъер чагIазе хасго хириял моцIаз бокьула бечелъизе, кинабго жоялъул багьабиги рахинарун.


МахIачхъала шагьаралъул №2 базар

Путинихъе хъвазеги дида лъаларо, гьедин абидал гIадамалги тIад релъулел руго. ГьечIоха гьабизе жо, - янги абун, кверги хьвагIун ана гьей…

**Хасавюрт**

Хасавюрт шагьаралъул «Дадал базаралдеги» щвана ниж.

**Муслимат:** - Гьаниб хIайваналъул гьанал кило буго 500 гъурщиде, гIиял гьанал кило - 550 гъурущ. Лъабго моцI буго гьадин хиралъаралдаса, амма лъаларо учузлъизе бугищали.

Гьан босулей ятарай гIаданалъ бицана МахIачхъалаялде, ясалъухъе гьоболлъухъ щведал, гьениб цIакъго хираго батанин Хасавюрталде дандеккун.

- Нилъер гьаниса къватIибе хираго битIулеб батани, нилъергоязе дагьаб учузго бичизе бегьулаищали дида лъаларо, - янги абун, къварилъахъдана гьей гIадан.

Гьан кваначIого таразе щибго лъугьунеб гьечIогурияв абураб пикругун къватIире рахъана нижги гьанал базаралдаса.

Вегетарианазе щибго лъугьунеб гьечIогури? Гьел жеги сах-саламатго рукIунел руго гьан кваналезде дандеккун. Гьединлъидал гьанги гьан гуреб цогидабги хиралъула ва хиралъизеги буго нилъеца босулебгIан мехалда. РачIаха цо анкьалъ, моцIалъ щибго босичIого тезе. Ракъуца хвезеги ратиларо. Гьеб мехалда пайда щиб багьаби рукIалиде рачIинчIого.

Аллагьас киназего иманги сабруги кьеги.

***Рукъият ГIАЛИСУЛТАНОВА***

Вегетарианазе щибго лъугьунеб гьечIогури? Гьел жеги сах-саламатго рукIунел руго гьан кваналезде дандеккун. Гьединлъидал гьанги гьан гуреб цогидабги хиралъула ва хиралъизеги буго нилъеца босулебгIан мехалда. РачIаха цо анкьалъ, моцIалъ щибго босичIого тезе. Ракъуца хвезеги ратиларо. Гьеб мехалда пайда щиб багьаби рукIалиде рачIинчIого.

# ХIалтIулезул хIурматги гъабулаго...

**Гъал къоязда МахIачхъалаялда тIобитIана «Казбек район» муниципалияб гIуцIиялъул жакъа бугеб ахIвал-хIалалъулгун республикаялъул захIматчагIазул лъай-хъвай гъабулеб данделъи. Район ккола Дагъистаналда бищунго берцинал бакIазул цояб. Гъеб гIуцIун буго 16 росуялдасан. Амма гъеб гуро муниципалияб гIуцIиялъул бищунго аслияб тIокIлъи. Багьа цIикIкIараб хазиналъун гьенир рикIкIуна гIадамал, район, республика церетIезариялъулъ жидеца мустахIикъаб бутIа лъурал хIаракатчагIи.**

## Районалъул тарихалда лъалкI тарал

Жиндир заманалда Шамил имамасул муридлъун вукIарав Буртунаялдаса Гъайирбегидаса, АхIул гохIда Шамил имамгун цадахъ вукIарав Дилималдаса Султанбегидасан байбихьун, 1970 соналъул 14 маялда ракь багъаризе бугин, нужерго минабазда жанир чIечIого, къватIире рахъаян гIадамазда лъазабиялдалъун гьел хвасар гьарурав гIараб гIалимчи, Гъосталаялда гьавурав Инчхаялдаса динияв хIаракатчи Жанайиде, 1927-1930 соназда республикаялъулаб «МагIарулав» газеталъул нухмалъулезул цоявлъун вукIарав АхIмад Мансуровасде гIунтIун машгьурал гIуцIарухъаби рахъана Казбекалдаса.




**Данделъиялъул гIахьалчагIи**

Дагъистаналда 1999 соналда халкъазда гьоркьосеб политикияб хIалуцин бижизабурал хъачагъал тIаде кIанцIидал, гьениб республика хвасар гьабулаго жидер рухIги кьун, нилъедаса ратIалъана Россиялъул БахIарзаллъун рахъарал Дагъистаналъул СОБРалъул командир, полковник Гуниялдаса Арзулум Ильясов, Калмыкиялда накълулъана Калининаулалдаса МухIамад-Казим Гъайирханов, Чачаналда, Конституционнияб гIуцIи цIунулаго, гIумруялдаса ватIалъана Ленинаулалдаса Юрий Салимханов.

Районалдаса рахъана ядернияб физикаялъул гIалимчи, гIелмабазул доктор Абакар ГIабдуллаев, Дагъистаналъул Конституционнияб Судалъул тIоцевесев председатель Салман ХIажимухIамадов, юстициялъул генерал, Дагъистаналъул Верховный Судалъул 25 соналъ коллегиялъул членлъун хIалтIарав Гунащ Набиев, Дагъистаналъул батIи-батIиял бутIабазда министразул даражаялде рахарал ГIабдулвагьид Муслимов, ХIаписат ХIамзатова, Сайгидпаша ГIумаханов, Зикрула Ильясов, Башир Байтемиров.

Россиялъул Федералияб Советалъул Пачалихъияб Думаялъул депутаталлъун рахъана районалдаса ХIажи МахIачев, Адам ГIамирилаев, ГIабдулхIаким ХIажиев, ХIаписат ХIамзатова, Сайгидпаша ГIумаханов.

Районалъул вакилзаби спорталъул рахъалъги руго цебесеб кьерда. Олимпиялъул чемпионаллъун батIибатIияб заманалда рахъана Мавлет Батиров, Мурад ГIумаханов. Нилъер спортсменазул ракIчIарал бергьенлъаби руго Россиялъул ва республикаялъул даражаялда тIоритIулел спортивиял тадбиразулъги. Амма хасго ракьцоял чIухIараб хIужа буго Гертма росулъа ГIабдулмуслимов ГIабдулмуслимица Дагъистаналъул хIукуматалъе гьале чанго соналъ бетIерлъи гьабулеб букIин. Гьес республика социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIеялъе гъеж гурун гьабулеб хIалтIуца, гьесул Россиялъул нухмалъулезда ва республикаялъул халкъазда гьоркьоб бугеб адабалъ бихьизабула гьесул лъай-гIакълу, бажари киназего пайдалъе хIалтIулеб букIин. Дагъистаналъул тарихалда, Ж. Къоркъмасовасдасан байбихьун, 1920 соналдаса байбихьун, республикаялъул хIукуматалъе нухмалъи гьабун буго гIицIго 20 политикияв хIаракатчияс. Гьеб сияхIалъул ахирисев вуго росдал магIишаталъул гIелмабазул доктор ГIабдулмуслим МухIудинович. Гьеб гурищ нилъер районцоял дагъалги лъикI хIалтIизе ккеялде ахIулеб гIаламат. Гьездаса нилъ кидаго рохизе ккола. Рехсарал гьалмагъзабазул дица бициналъе цоги рахъалдасан гIиллаги буго районалъул хIакъалъулъ баянал кьолез гьездехун цо тIубараб пикру буссинабичIолъиги. Гьел кIочене бегьуларо, хутIарабщинаб буго хадусеб гIаламат, цеве вукIине ккола инсан ва гьесул ишал.

## Казбек - интернационалияб район

Районалда гIумру гьабулеб буго батIи-батIиял миллатазул вакилзабаз. 1990 соналъул 12-17 маялда ва 23-24 июлалда МахIачхъалаялда тIобитIараб Халкъиял депутатазул III съездалъул хIукмаби тIураялдасан байбихьун, районалда гIумру гьабулел миллатазда гьоркьоб гьудуллъи цIуниялда тIад гIемераб хIалтIи гьабулеб буго. Гьединлъидал аслияб куцалда магIарулазда ва чачаназда гьоркьоб, цо-цо заманалда гьел хIалуцинаризе къватIисахун хIаракат бахъаниги, гьуинлъигун берцинлъи букIинабиялъулъ лъикIал хIасилалги руго. Гьелде районалъул бетIер XI. Мусаевасул нухмалъиялда гьоркь районалъул Собраниялъул (Г. Гирисханов) депутаталгун цадахъ лъугьун, муниципалиял гIуцIабазда букIине кколеб кIвар кьолебги буго. Районалда лъураб цIарги лъарагIазул вакил, Дагъистаналъул революционер Солтан-СагIид Казбековасул бугелъул, ахирал соназда кIочон тараб, халкъалъе интернационалияб тарбия кьеялъул суал районалда кидаго букIана жиндехун цIикIкIун кIвар буссинабулеб рахълъун. Районалъул комсомолалъул ва КПССалъул райкомазда секретарьлъун гIемерал соназ хIалтIидал, дида гьеб лъикIго лъала.

## Экономика - киналъего аслу

Инсанасул социалияб рахъ кидаго бараб буго, узухъда, экономикаялда. Гьеб лъикI бугони, чорхолъ гIодобе биччайги букIуна, гIумруялъул даражаги борхула, ай гIадан разиго вукIуна гIумруялдаса. Кинха бугеб жакъа муниципалияб экономика?

Рехсараб данделъиялда гьелъул бугеб ахIвал-хIал мухIканго бихьизабуна районалда гIумруялде рахъинарулел федералиял ва республикаялъулал миллиял проектазда казбекалъулаз гьабулеб гIахьаллъи бихьизабулел ракIчIарал хIужабаз.

Узухъда, районалда аслиявлъун буго росдал магIишат. Гьеб буго жакъа экономика цебетIеялъе кьучIлъунги. Росдал магIишаталда жакъа хIалтIизабулеб буго 9 145 гектар ракьалъул. ХIалтIул гIужалда ругел гIадамазул къадар районалда бахуна 31 438 чиясде. Араб соналда гIаммаб продукция гIезабун буго 3 293 00 азарго гъурущалде. Аслияб куцалда гьеб ккола хурухъанлъиялда гьабураб хIалтIул хIасил. Гьенир гIезарула тIоролал культураби, картошка, цIибил, пихъ ва гьединго овощалги. Росабазул фермабазда квешаб даражаялда гьечIо гьан, рахь гIезабиги.

Промышленнияб къайи – 173 501 азарго гъурущалде. МоцIрол гьоркьохъеб харж бахунеб буго 34 860 гъурущалде. Республикаялъул баяназде дандеккуни, гьел лъикIал хIасилал руго.

Районалда цебетIолеб буго туризм. Ахираб лъабго соналда жаниб гьоболлъухъ щолел туристазул къадар цIикIкIун буго 45 проценталъ. Республикаялде 2023 соналда рачIарал туристазул 60 процент щолеб буго Казбекалъул берцинал бакIал рихьизе. Районалда буго республикаялъул маданияб ирсалъул Агентствоялъул хIисабалде босараб лъабго бакI: Алмахъалда бугеб XVII гIасруялъул мажгит, Басрияб ЦIобокь бугеб хIамам ва ЦIар лъаларев солдатасе Дилималда бараб сиги.

Районалъул росабалъ нухал гьариялде ва гьел къачIаялде, лъим бачиналде пикру буссинабулеб буго ахираб заманалда. Гьел ва цогидал суалал Администрациялъ Федералиял ва республикаялъулал миллиял программабазде гъорлъе ккезарун руго.

Цере рачун тIуралел руго гIадамазе социалиял бигьалъаби гьариялъул суалалги. Росабалъ хIалтIулеб буго жидеда жанив 6732 цIадохъан вугеб 15 школа. 18 ясли-ахалде бачIунеб буго 2642 лъимер.

## ХIажат руго инвестициял

Аслиял масъалабазул цояблъун Администрациялъул хIалтIухъабаз рикIкIуна районалде инвестициял рачIинари. Гьенир рихьулел церетIеялги руго. 2020 соналда районалде бачIун букIараб батани 848 азарго гъурущ инвестициязул, араб соналда гьезул къадар бахун буго 1 422 азарго гъурущалде.

Хадубккунги гьезул къадар цIикIкIине рес буго, щайгурелъул районалда гьелъие лъикIал шартIал чIезарун рукIиналъ. Къабул гьабун буго «2025 соналде щвезегIан районалде инвестициял рачIиналъул Стратегия». ХIалтIулел руго муниципалиял программабиги. Цогидаб рахъалдасан лъикIаб иш буго район республикаялъул тахшагьаралдаса гIемер рикIкIад гьечIолъиги.

Балагьаразе рекIее гIуна районалъул культураялъул кIалгIаялъул хIалтIухъабазул церерахьин. Хасго кIвар буссинабуна Дилималдаса магIарул театралъул гIолохъанав артист МухIамад Дудуевас жиндирго гIахьаллъиялдалъун бихьизабураб гьитIинабго постановкаялде.

ТIобитIараб презентациялъ нугIлъи гьабуна гIадамазул рукIа-рахьин ва районалъул экономика гIодобебиччан цебетIолеб букIиналъе.

*Зикрула ИЛЬЯСОВ*

# Горда лъун толаан бакараб чирахъ

**Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб Миллияб библиотекаялъул архивалда батана КIудияб ВатIанияб рагъ лъугIаралдаса 50 сон ун хадуб хъвараб гьаб кагъат. Гьениб бицунеб буго Гъуниб районалъул ЧIохъ росулъа Шейхамировазул хIакъалъулъ. Редакциялде гьеб битIун бачIана рехсараб библиотекаялъул хIалтIухъан ПатIимат ХIАЖИЕВАЛЪ.**

**22 июналъул сордо. Щибго ургъел гьечIого кьижарал гIадамал. Цойидасанго Советияб информбюроялъул лъазаби: «Совет Союзалъул граждана! Жакъа, 22 июналда, рогьалилъ, рагьги лъазабичIого, нилъеда тIаде кIанцIана гIасияв тушман – фашистазулаб Германия. Киналго къватIире рахъа ватIан цIунизе!»**

**Пири гIадин тIибитIана гьеб хабар росулъ. ГIолохъабаз чуял кьолона ва лъазабуна, тушман тIагIинавун гурони, тIадруссунарин абун.**

**Нижер гьитIинабго росулъа рагъде ана 122 гIолохъанчи. Бащдал гурони тIадруссинчIо. Гьезул гIемериселги – инвалидал. Шейхамирова ГIашалункъо васасул цонигияв тIадвуссинчIо. Гьев ункъавго вацасул яц Шейхамирова ПатIиматица гIемер бицуна вацазул хIакъалъулъ хабар.**

**МухIамад**

Рагъ байбихьидал, МухIамад вукIана хъутаналда бригадирлъун. Армиялдеги гьев гьенисанго витIун ватана. Рокъоб хъизамалдаги эбелалдаги гьеб лъалароан. Хабар лъана цогидав вацасул кагътидасан. МухIамадги гьевги поездалда цадахъ кканин хъвалеб буго гьес.

МухIамадил кIиго кагъат бачIана, киса бачIарабали ракIалда гьечIо. Гьелдалъун къотIана хабарги. Рагъ лъугIидал бачIана араб бакI лъачIого тIагIанин абураб ругьел.

ГIуна МухIамадил лъимал – ХIасан-ХIусен ва Марзигат. Рагъде арав гьудуласухъ балагьун, свакан, сун ана къоролалъул гIумру…

**ГIабдулхIамид**

КIиго лъимадул эмен вукIана ГIабдулхIамид. Хъутаналда вукIарав МухIамад рагъде витIун ватизе гурин йикIарай эбелалда ГIабдулхIамидица абуна: «КъвакIун чIа, эбел, щиб лъалеб, метер дунги витIизе бегьула», - ян. ВукIун вугоха гьев, чвантиниб повесткаги бахчун. Нахъисеб къоялъ ана ГIабдулхIамид. Гьесул кIиго кагъат бачIана. Цо нухдасанго, МухIамадгун дандчIванин хъвараб, кIиабилеб – рагъул майданалдаса.

МухIамадилго гIадаб къисмат ккана ГIабдулхIамидилги: тIокIаб я кагъат, я хабар лъачIо. Араб бакI лъачIого тIагIанилан ругьел бачIана гьесулги.

**Жамалудин**

Нижер хъизамалда бищунго аваданав вукIана Жамалудин. 1939 соналда рагъулаб хъулухъалде ахIарав гьев армиялдаго вукIана рагъ байбихьараб заманалда.

Цо-кIиго гурони кагъат бачIинчIо Жамалудиница. Цо букIана Тернополалдаса, кIиабилеб киса бачIарабали лъаларо. Гьедин лъугIана Жамалудинилги хабар. Гьеса хадуй угьдизе хъизанги йикIинчIо, дадаян гIодизе лъимерги букIинчIо.

**Шайхулислам**

Шайхулислам вукIана чIваркьарав, росдал гIолохъабазда гьоркьов чIел босизе хIадурав вас. ЙикIана гьесул абурай ясги.

Шайхулислам бахIарчиго хванилан хабар бачIараб мехалда ниж рукIана Малгьалахъ. ТIаде ячIана ГIумарил Написат ва эбел росулъе ячун ана, хадуй ячIаян дунги тана. Росулъе щвараб мехалда лъана дида хIакъикъат.

Шайхулислам хвеялъул хIакъикъат нижеда бицана гьесда цадахъ вукIарав ва рагъдаса тIадвуссарав Мурилов Муслимица. Шайхулисламица хъулухъ гьабулеб букIун буго танказул полкалда. Гьенив вагъулаго бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ гьесие кьун буго «За отвагу» медаль. Гьеб медаль дихъе кьезе 1992 соналда рачIана военкоматалъул хIалтIухъаби. Гьез кьуна 1943 соналда Шайхулисламие щун букIараб шапакаталъул удостоверение.

М. Муриловас бицана, Шайхулислам жинда цадахъ рекIаразул полкалда вукIаниланги. Цо нухалда Хъвартихьуниса чигун разведкаялде анила ва тIадруссинчIила.



Ункъо вацасул яц Шейхамирова ПатIимат

Шайхулисламица гIезегIан кагътаги сураталги рачIун рукIана. Ростовалдасан бачIараб сураталда нахъа гьес хъван рукIана гьал мухъал:

**Ростов бахъулаго бахъараб сурат**
**Гьаб дир дуй подарка, гьавурай эбел.**
**Рагъде гъуждул гурун, гьорлъ жувалелъул,**
**Сайигъат гьабилин гьудулзабазе.**
**Дий лъикIлъи бокьарал гьимун релъизе,**
**Квешлъи дий бокьарал щущахъ риххизе,**
**КIобокIун цебе кkве гIолохъабазда,**
**ГIанчIаб бартул гIадаб бахъараб сурат.**

Абуралъ жиндир кагъат кин къабул гьабилебали лъаларев вацас рокъобе бачIунеб кагътида рачIана гьадинал мухъал:

**Рорхатал мугIрузде, гIолилалъухъе**
**ГIишкъуялъ басараб салам битIизин.**
**Кьваридаб кIкIалахъе, йокьулелъухъе**
**Кьалул кквералъ хъвараб кагъат битIизин.**
**Дур кагъат бачIиндал, чIухIарав дица**
**ЧIвана борхалъуда багIараб байрахъ.**
**Нуж ругеб хIалалъул хIакъикъат лъайдал,**
**Лъабго тушман чIвана сайигъаталъе.**
**Нижеца цоясухъ нусгоял чIвала,**
**Азул армейцазул улбул угьдила.**
**Абурал ясазул россал гъурила,**
**Росасе иналде ал къорол тела…**

## Огь, эбелалъул ракI…

Гьанже цо чанго рагIи дир эбелалъул хIакъалъулъги. Ахирисеб хIухьел хIалдиса инегIанги божун йикIана гьей цогIаги вас тIадвуссун вачIиналда. Рагъул соназда гордазда тIад жо лъезеги цебе ххам бигъизеги биччалароан гьелъ, канлъи къватIибе биччазе кколин, рокъов чи гьечIилан ракIалдеги ккун, васал нахъруссун инилан абун. Горда лъун букIунаан рекIараб чирахъ. Рахазе биччалароан кавуги, гьеб ричIизегIан вас балагьун чIезавиларинги абун.

Ана сонал. Абула, бищун лъикIав тохтур заман бугилан, заманалъ сах гьарулин ругънalилан. Сонал анагIан лъедерлъана рагъул ветераназул кьерал, мукъсанлъана ракIалдещвеял, дагьлъана къоролзаби.

ГIун рачIана рагъул гIахьалчагIазул лъимал. Гьезул лъималазда лъуна рагъда чIваразул цIарал. Лъуна дир вацазул цIаралги цIияб гIелалда. ГIабдулхIамидил вас Шейхамирил хъизамалда руго ГIабдулхIамидги, МухIамадги, Жамалудинги. Дир вацгIал Шарабудиница васасда лъуна Шайхулисламил цIар. Биччанте гьезулниги гIумру талихIаб букIине, рагъул гъугъай гьезда рагIунгутIизе.

## Дида рагъ бихьичIо, рагъда вукIинчIо

Дун рагъда вукIинчIо, рагъги бихьичIо,
Амма гьелъул кьогIлъи - гьеб лъала дида.
Рихьана росаби, шагьарал дида,
Гитлерил чудкаца чурхъун рехарал.

Рихьана ахалги хурзалги дида,
БитIун тIогьол гIужалъ цIа лъун рухIарал.
Рихьана нухалги кьоялги дида,
Ралел бомбабазул къурбанлъун ккарал.

Дун рагъда вукIинчIо, рагъги бихьичIо,
Амма гьелъул кьогIлъи – гьеб лъала дида.
Рихьана васал чIван хутIарал улбул,
ЧIегIер бахъичIого ракьалде арал.

Рихьана россал чIван хутIарал лъудби,
Къоролльуда гIумру тIамурал, арал.
Эбелалда ургьир бесдал хутIарал,
Инсул гьумер лъачIел рихьана лъимал.

Дун рагъда вукIинчIо, рагъги бихьичIо,
Амма гьелъул кьогIлъи – гьеб лъала дида.
Рихьана рагъдаса тIадруссун щварал,
Дол кьалул нухазда чорхол санал тун.

Цоял гъеж-квер гьечIел, цоял - бох гьечIел,
Цогидал гуллбуца курмул рорлъарал.
Рилълъине кIоларел, ракIал загIипал,
Заманго щвелелде къаникь щапарал.

Дун рагъда вукIинчIо, рагъги бихьичIо,
Амма гьелъул кьогIлъи – гьеб лъала дида.
Гьединлъидал дица бетIер къулула,
Рагъул ветераналь, нужеда цебе.

Ниж налъулал руго даим нужее
Эркенаб, гвангъараб гьаб гIумруялъухъ.
БакIал кьалул къояз къуркьичIел васал,
Баркула нужеда Бергьенлъидул къо.

*Ниязбег АЛМАХЪСКИЙ*

## Хъвалеб буго кагъат…

*(Кронштадталда, ралъдал флоталда хъулухъ гьабурав ГIабдулвагьабил ГьитIинамухIамадие сайгъат гьабула)*

Хъвалеб буго кагъат Кронштадталде,
Балтикалъул ралъдал рагъухъабазде.
Кьолеб буго салам морякал нужей,
НужгогIан къвакIарал гьел крейсеразе.

Дида сардидаги цере тIамула,
ТIадагьго ралъдада нуж лъедолеб куц.
Цинги газетазда хъванги батула,
Рагъуе бугила бергьараб махщел.

Щибаб сагIаталда, кьасиги кьадги
КъватIир рахъуна нуж катерги бачун.
ЧчугIил малърал хъвачIел ралъдал тIиналда,
ТIавапги гьабула дур подводниказ.

ВатIаналъул гIурхъи цIунун чIарал нуж,
ГIагараб ватIаналъ малъараб куцалъ.
Гьелъха диеги нуж хирият ругел,
Балтикалъул ралъдал лебалал васал.

*Сайгит АСАДУЛАЕВ,*
*Шамил район, Гьандихъ росу*



# МагIарул газеталъул хIалтIухъаби – КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIи


Киналго улкабазул пролетарал, цолъе нуж!

МагIарул большевик

ДК ВКП(б)ялъул ва ДАССРалъул Верховный Советалъул орган

Газета бахъулеб микьабилеб сон

Багьа 10 копеек

21 январь 1941 сон № 6 (735)

1924 соналъул 21 январалда хвана Владимир Ильич Лени…
Ленин гьечIого анцIила анкьго соналъ Ленинил нухдасан…
магъ Сталинил нухмалъуда гьокъ большевиказул партиял…
лабго советский халкъалъ Ленинил васиятал тIуразарулел…
гьез гIуцIулеб буго коммунистическое общество, щула гьа…
буго нилъер ватIаналъул хозяйственный ва оборонный гу…

## Ленинил-Сталинил байрахъалда гъокь

**КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьараб мехалда, ватIаналда цебе тIадаб борч тIубазе къватIире рахъана республикаялъул «МагIарул большевик» газеталъул мухбирзаби: Ражаб ДинмухIамаев, МухIамад Байсунгъуров, Абакар ТIагьиров, ГIабдулгъапур Шамсуев. Гьезул гIицIго М. Байсунгъуров тIадвуссана фронталдаса, хутIарал абадиялъего къанцана рагъул байдабазда.**

**Рагъ лъугIун хадуб магIарул газеталъул редакциялде хIалтIизе рачIана рагъул гIахьалчагIи: Хочо-МухIама ХIамзатов, ГIабдулмажид Хачалов, МухIамад Сулиманов, Рамазан Рамазанов, Шигьабудин ГIалиев, МухIамадшапи ХIожокIов, Будун ТIагьиров.**

**МагIарул газеталда хIалтIи букIана къадруяб хъулухълъун, тIадегIанаб ишлъун. Жибго газетаги букIана тIадегIанаб къадруялда, гьелъул тиражги дол соназда 30 азаргоялдасаги цIикIкIун букIана.**

**Гьелъин редакциялде хIалтIизе рачIарал КПССалъул Хъаргаби райкомалъул тIоцевесев секретарьлъун вукIарав Х.-М. ХIамзатов, ГIахьвахъ райкомалъул тIоцевесев секретарьлъун вукIарав Б. ТIагьиров, Гъуниб райгазеталда, хадув партиялъул Гъуниб райкомалда хIалтIулев вукIарав ГI.-М. Хачалов, машгьурав хъвадарухъан М. Сулиманов.**

**Ражаб ДинмухIамаев** гьавуна 1905 соналда гьанжесеб Лаваша



районалъул Урма росулъ. ЗахIматаб букIана гьесул лъимерлъи. Эмен росулъ чиги чIван, гIурус ракьалде гочине ккана. Ункъо сон барав Ражабги инсуца цадахъ вачана. Гьез гIумру гьабуна Орелалда, Тулаялда, хадуб Петербургалда. 14 сон барав васгун, унти ккарав ДинмухIама росулъе тIадвуссана анцIго соналдаса. КватIичIого гьев хвана, гIемер мех иналде унтана эбелги. Ражаб къисматалъ вачана партизаназул отрядалде. ГьитIинав гIолохъанчияс гIахьаллъи гьабуна Совет власталъе гIоло гьабулеб рагъулъ. 15 сон барав Р. ДинмухIамаев ккана Буйнакскиялъул лъималазул рокъове, цинги магIарул лъималазе рагьун букIараб школа-интернаталде.

ЛъикIго гIурус мацI лъалев Ражабица бергьенлъиялда лъугIизабуна совпартшкола ва хIалтIулев вукIана Хунзахъ районалъул комсомолорганизациялъул секретарьлъун. 1926 соналде щвезегIан хIалтIана комсомолалда. Ражабил бажариги, гIуцIарухъанлъиялъе бугеб гьунарги, лъайги бихьун, республикаялъул тIадегIанал идарабаз гьев витIана Москваялде, Бакъбаккул захIматчагIазул коммунистияб университеталда цIализе. КIиго соналдасан гьебги лъугIизабун тIадвуссарав Ражаб хIалтIана партиялъулгун советиял идарабазда, Дагъиздаталъул начальниклъун, районалъул газеталъул редакторлъун. Журналистикаялъе гьунар бугев, хъвадарухъанлъиялъул махщелги цIикIкIарав Р. ДинмухIамаев 1931 соналъул 11 сентябралда бахъизе байбихьараб областалъул «Социализмалъул байрахъ» абураб магIарул газеталъул редакторлъун тасдикъ гьавуна.

Хадусеб заманалда обкомалъул хIукмуялда рекъон, газета магIарулллъиялде, захIматчагIазде гIагар гьабиялъул мурадалда, редакция ва типография Болъихъе бахъана. Гьенивги «Социализмалъул байрахъалъул» редакторлъун Ражаб ДинмухIамаев вукIана. 1934 соналда обкомпартиялъул хIукмуялда рекъон, МахIачхъалаялда авар мацIалда «МагIарул большевик» абураб цIаралда гьоркь республикаялъулаб газета биччазе хIукму гьабидал, Р. ДинмухIамаев тIамуна гьелъул редакторлъун. «Социализмалъул байрахъ» газетаги лъугьана ВКП(б)ялъул Болъихъ райкомалъул органлъун.

«МагIарул большевикалъул» редакторлъун ДинмухIамаев хIалтIана 1934 соналъул 26 сентябралдаса (тIоцебесеб номер биччараб къо) 1938 соналде щвезегIан. Редакторлъиялдаса гьев иналъе гIилла ккана «Правда» газеталда гьесул асарал какун макъала бачIин. Авар мацIалда гIадин гIурус мацIалдаги хъвадаризе лъалаан гьесда.

Ражаб ДинмухIамаев вукIана Дагъистаналъул литератураялда прозаялъе кьучI лъуразул цояв, аваразул адабияталдайин абуни тIоцевесевлъун. 1929 соналда Дагъгизалъ къватIибе биччана гьесул «Бидухъ би» абураб къиса, 1932 соналда авар адабияталда тIоцебесеб тарихиябгун революциялъулаб «Хъабчилъ бахIарзал» абураб роман, «Галинал гьалбал» къиса ва гь.ц.

Р. ДинмухIамаев ккола анкьго тIехьалъул автор.

Гьев вукIана тIоцебесеб тIолгодагъистаналъулаб Хъвадарухъабазул союзалъул правлениялъул членлъунги. Делегат хIисабалда гIахьаллъи гьабуна 1934 соналъул 17 августалда Москваялда тIобитIараб ТIолгосоюзалъул хъвадарухъабазул тIоцебесеб съездалда. Ражабги ЦIадаса ХIамзатги рукIана гьенир аваразул адабияталъул хъвадарухъаби. Гьебго соналдаса нахъе ДинмухIамаев вукIана СССРалъул Хъвадарухъабазул союзалъул членлъунги.

КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьун хадуб, Тифлисалда офицерзабазул школаги лъугIизабун, гьев 1943 соналъ рагъде ана. Украиналъул фронталда вукIана батальоналъул комиссарлъун ва полкалъул агитаторлъун, букIана капитанасул чин. 1944 соналъул апрелалда Украиналъул Тернополь областалъул Заболотниково росдада гIагарлъухъ гIумруялдаса ватIалъана.

**Байсунгъуров МухIамад** (1904-1964 сонал) гьавуна ТIасияб Чирюрталда (Гелбахъ). 17 сон барав чи хIалтIана буранаалъул хIалтIухъанлъун, хьитазул устарлъун. 1927 соналдаса хадув избачалъул заведующийлъун, росдал кресткомалда. Гьелго соназда вукIана газеталъул хIаракатав мухбирлъунги. 1935 соналдаса нахъе хIалтIана «МагIарул большевик» газеталъул редакциялда: литературияв хIалтIухъан, таржамачи, экономикаялъул ва росдал магIишаталъул отделазул заведующий, хасав мухбир. Редакциялда хIалтIулаго ана КIудияб ВатIанияб рагъде. ТIадвуссун хадувги хIалтIана редакциялда. 1964 соналъул февралалда пенсиялде ана.



Рагъда бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ мустахIикълъана «БагIараб цIва» орденалъе, чанго медалалъе. Редакциялда хIалтIулаго кьун букIана ДАССРалъул Верховный Советалъул президиумалъул ХIурматалъул грамота.

**ТIагьиров Абакар** (1913-1942 сонал) гьавуна КIаратIа росулъ.



1934-1938 соназда хIалтIана «Болъихъ» бахъулеб букIараб районазда гьоркьосеб «Социализмалъул байрахъ» газеталда мухбирлъун, жавабияв секретарьлъун, редакторлъун. 1938 соналда хIалтIизе вачIана МахIачхъалаялде, «МагIарул большевик» газеталъул редакциялде. Нухмалъи гьабуна газеталда партиялъул, хадуб - марксизм-ленинизм тIибитIизабиялъул ва культураялъул отделазе. Абакар вукIана бажари бугев хъвадарухъанги таржамачиги. 1941 соналъул 26 июналда хъвараб буюрухъалдалъун, армиялде ахIиялда бан, хIалтIудаса эркен гьавуна. Рагъда чIвана 1942 соналъул 2 июналда. Вукъун вуго Липецк областалъул Воловский районалъул Васильевка ва Новопавловка росабазда гьоркьоб ккараб рагъулъ. 1932 соналда Дербенталъул рабфакалда цIалун вахъарав Абакар ТIагьиров витIана ЦIумада райОНОялъул инспекторлъун. А. ТIагьировас хъвалаан кучIдулги, гьел рахъун рукIана газетазда. ЦIалдолез лъикI къабул гьабун букIана Абакарил «ГIандадерил ралъад» абураб къиса. ТIагьировас магIарул мацIалде руссинаруна М. Горькиясул асарал, Н. Островскиясул «Чаран лъадараб куц» абураб роман. Рагъде ахIиялдалъун лъугIичIого хутIана гьесул «МагIарул росулъ» абураб къиса, «ЦIибижараб хъизан» абураб поэма.

**ХIамзатов Хочо-МухIама** (1911-1999 с.с). Гьавуна Хунзахъ росулъ.



ХIалтIана «МагIарул большевик» газеталъул жавабияв секретарасул ишал тIуралевлъун, жавабияв секретарьлъун. 1941 соналъул 26 июналда ана армиялде. ГIахьаллъи гьабуна КIудияб ВатIанияб рагъда. Нахъвуссун хадув редакциялде хIалтIизе вачIана.

1948 соналда 1 сентябралда партшколалде цIализе иналда бан хIалтIудаса нахъе ана.

Партшкола лъугIун хадув хIалтIана партиялъул идарабазда, Хьаргаби партиялъул райкомалъул тIоцевесев секретарьлъун.

Нахъеги редакциялде тIадвуссун, 1958 соналъул 16 январалдаса 1972 соналъул 28 февралалда пенсиялде инегIан «БагIараб байрахъ» газеталъул редакторасул заместительлъун хIалтIана. Х-М. ХIамзатов кколаан ДАССРалъул ва РСФСРалъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан.

**Сулиманов МухIамад** (1919-1988 сонал) гьавуна Хунзахъ росулъ. 1947



соналъул 1 сентябралдаса - информациялъул отделалъул заведующий, 1948 соналъул 17 ноябралдаса - литературияв хIалтIухъан, хасав мухбир.

1949 соналъул 26 июлалда хIалтIудаса нахъе ана.

М. Сулиманов хадувккун вахъана машгъурав шагIирлъун, хъвадарухъанлъун. Гьев ккола чанго тIехьалъул автор. ГIахьаллъи гьабуна КIудияб ВатIанияб рагъда.

М. Сулиманов кколаан ДАССРалъул ва РСФСРалъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан, С.Стальскиясул цIаралда бугеб республикаялъул премиялъул лауреат. 1956 соналдаса нахъе - СССРалъул Хъвадарухъабазул союзалъул член.

МухIамад вукIана пагьму цIикIкIарав шагIир гуревги, прозаикги, драматурги, таржамачиги. Гьес магIарул мацIалде буссинабуна кочIодалъун хъвараб А. Пушкинил «Евгений Онегин» абураб роман.

**Шамсуев ГIабдулгъапур** гьавуна 1906 соналда БакъгьечIи росулъ.



«МагIарул большевик» газеталда хIалтIана 1935 сооналдаса 1941 соналъул 22 декабралда армиялде ахIизегIан. Рагъдаса тIадвуссинчIо.

**Рамазанов Рамазан** (1922-1983 сонал) гьавуна ТIасияб Чирюрт росулъ.



КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи. Рагъдаса вуссун хадув 1955 соналдаса нахъе пенсиялде инегIан редакциялда хIалтIана таржамачилъун, литературияв хIалтIухъанлъун, пропагандаялъул, информациялъул, кагътазул отделалъул заведующийлъун.

**ГIалиев Шигьабудин** (1925-2000 сонал). Гьавуна Тунзи росулъ.



### *Армиялъе кумек гьабиялъулъ цIикIкIараб гIахьаллъи*

*ГьитIинаб росу буго ЦIада. Кинабниги 60 хозяйство. Гьездасан цониги хозяйство хутIичIо жидеца улкаялъе ва фронталъе кумек гьабиялда гьоркьоб гIахьаллъичIеб. Колхозниказ гьанжелъизегIан тушманасда тIад бергьенлъи босиялъе кьуна 41 гIиял тIехь 18 тIом, 11 тахта, 28 килограмм квас, 1 буртина, 8 горде, 7 горбода жемулеб жо, 2 одеял, 1 валенкаби, 11 метр ххамил, 370 килограмм картошка, 520 гъурщиде облигациял, гIемерал захIматкъоял ва гь.ц.*

*Колхозниказул бокьиялда рекъон ЦIада колхозалъ фронталъе лъикIаб кумек гьабуна. Колхозалъ багIарал рагъухъабазе битIана 10 гIиялъажо, 1 болъон, 1.300 килограмм картошка, 5 горде, 19 гIиял тIехь, 13 килограмм квас ва гь.ц.*

***ХIАМЗАТОВ Расул***
***30 декабрь 1941 сон.***

***(Гьаб макъалаялъул автор ккола хадувккун машгьурав шагIирлъун вахъарав Расул ХIамзатов. Гьев «МагIарул Большевик» газеталда хIалтIулев вукIана Хунзахъ, Унсоколо, КъахIиб районазда газеталъул хасав мухбирлъун).***

КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи. 1955 соналда хIалтIизе вачIана «БагIараб байрахъ» газеталде. 1985 соналда пенсиялде инегIан газеталда хIалтIана жавабияв секретарьлъун, партиялъул отделалъул заведующийлъун, таржамачилъун.

**Хачалов ГIабдулмажид** (1925-1994 сонал) гьавуна Сугъралъ росулъ.



1950 соналъул 1 ноябралдаса - «МагIарул большевикалъул» жавабияв секретарь. 1951 соналда бахъизе байбихьараб «Дагъистаналъул правда» газеталъул магIарул мацIалда бахъулеб выпускалъул редакторасул заместитель, 1957 соналъул 1 февралалдаса 1959 соналъул февралалде щвезегIан - культураялъул отделалъул заведующий, 1961 соналъул 4 октябралдаса 1986 соналъул 20 октябралда пенсиялде инегIан - «БагIараб байрахъ» газеталъул жавабияв секретарь.

ГI. Хачалов вукIана гьунар бугев шагIирги драматурги. Гьев ккола чанго тIехьалъул автор. ГIахьаллъи гьабуна КIудияб ВатIанияб рагъда. Рагъда хадусел соназда лъугIизабуна КПССалъул ЦКялда цере рукIарал лъагIалил курсал, заочно М. Горькил цIаралда бугеб Литературияб институт. ХIалтIана учительлъун, партиялъул Гъуниб райкомалда.

ГI. Хачалов ккола С. Стальскиясул цIаралда бугеб ДАССРалъул премиялъул лауреат, ДАССРалъул ва РСФСРалъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан, 1958 соналдаса нахъе СССРалъул Хъвадарухъабазул союзалъул член.

Поэт, драматург, таржамачи ГIабдулмажидица хъвана къогоялдаса цIикIкIун тIехь.

**ХIожокIов МухIамадшапи** (1925-2007 сонал). Гьавуна ЧIохъ росулъ.



КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи. 1960-1971 соназда хIалтIана «БагIараб байрахъ» газеталда литературияв хIалтIухъанлъун, хасав мухбирлъун.

**ТIагьиров Будун** (1923-2017 сонал). Гьавуна КIаратIа росулъ.



КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи. 1939-1960 соназда «БагIараб байрахъ» газеталда хIалтIана литературияв хIалтIухъанлъун, хасав мухбирлъун.

Гьев ккола Абакар ТIагьировасул гьитIинав вац.

***Пайзула ПАЙЗУЛАЕВ***

# Налъуе ритIухъав

**Буйнакскиялда аваразул педтехникумги лъугIизабун, 17 сонцин тIубачIев Хунзахъ росулъа Зубаиров МухIамадица учительлъиялъул хIалтIуде байбихьана. Хадув тIамуна Хунзахъ районалъул методкабинеталъул заведующийлъун. МухIамадие сундулъго – цIалулъги, хIалтIулъги, гIумруялъулъги – битI кколеб букIана. Гьабуна хъизан…**

**1939 соналда гьесул букIана гIицIго 20 сон. МухIамад ДАССРалъул наркомпросалде ахIана ва Гъуниб районалъул халкъияб лъай кьеялъул отделалъул заведующийлъун витIана.**

Кодоб цIияб хъулухъалде тIамиялъул бюрухъгун гьев цин Хунзахъе тIадвуссана. Амма гьениб кьерилазухъе армиялде ахIун кагътал рачIун ратана. Гьесги хIукму гьабуна цин ВатIаналда цебе налъи тIубазабизе ине.

МухIамадие рагъулаб хъулухъ бачIинахъего рекIее гIуна, гьесие бокьана армиялъул кьварараб гIадлу-низам. Армиялде ун ункъо моцI тIубалелдего гьесул эбел-инсухъе полкалъул командованиялъул баркалаялъул кагъат бачIана партиялъул ишазе гIорхъи гьечIого ритIухълъиялъул, хIасратго ВатIан бокьиялъул рухIалда тарбия-лъай кьун вас гIезавуралъухъ.

Зубаиров МухIамадица хъулухъ гьабулеб 638-абилеб кьвагьдохъабазул полк 1940 соналъул хаслихъе Ленинградалде аскIобе бачана ва финазулгун рагъде лъугьине кколаан.

ТIоцебе гьес рагъулъ гIахьаллъи гьабуна ротаялъул политрукасул хъулухъалда.

Политрукал, комиссарал. Гьел рукIунаан нилъер яргъилал къуватазул ракIаллъун. Гьанже, гьайгьай, захIмат буго чан нухалда гьес рагъухъаби гьужумалде рахъинарурала ли мухIканго абизе. ТIадежоялъе, рагъда гьединаб хIисаб лъицаго гьабулароан. Дида цере руго 1942 соналда бахъараб армиялъул газеталъул заманаялъ тIогьиллъизарурал тIамчал. *«Тавакалал гьужумал» абураб макъалаялда хъвалеб буго: «Тушманас лъелал аскаразул ва танкабазул кIудияб къуват данде бакIарун букIана И. росулъе гьужум гьабизелъун. ХIажат букIана тохлъукьего тавакалаб гьужумалдалъун немцал росулъа рачахъизе. Гьеб иш тIубазабизе тIадкъана Кузнецовасул подразделениялда.*

*Солдатал гьужумалъ ана. Цере-цере унел рукIана лебалал командирал Назаров, лейтенант Басов, политрукал Зубаиров, Янишин, политрукасул заместитель Губочкин. Немцазда нилъер тIадецуй хIехьезе кIвечIо, гьел нахъе тIурана. Росдада цебе букIараб борхалъиялда нилъераз кверщел гьабуна. Нахъеги кIиго тавакалаб гьужум ва нилъер подразделение росулъе лъугьана».*

Зубаировасул тIолабго бахIарчияб рагъулаб нухалъул бицунел кагътал ва цогидалги документал нахъе цIунун хутIун гьечIо. Амма нахъе цIунун хутIун ратарал яцалъухъе ритIарал кагътаздасан баянго бихьулеб буго гьесул гIамал-хасият, пикраби. Гьеб хъван буго 1942 соналъул августалъул ахиралда. Гьелда буго: *«Фронт нужехъе гIагарлъулеб буго, сундухъниги балагьичIого тушманас къасд гьабулеб буго цевехун ворчIизе. Кавказалда кверщел гьабизе. Фашистал гIадамал гуро, гьел руго гIалхул жанаварал, гьез чIвала, зулму-хIал ва талавур гьарула, лъиданиги гурхIел гьабуларо. Амма гьезул мурадал тIуразе гьечIо. БагIараб Армиялъ гьел чIезарила ва щущахъ риххизарила. Нагагьлъун фашистал церехун рачIани, партизаналлъун*

Бергьенлъиялдаса чIухIизе ва вохизе гьесие рес ккечIо. 1943 соналъул авалалда хиянатаб гуллица гьесул бахIарчияб рагъулаб нух гьоркьоб къотIизабуна. Рагъулал гьалмагъзабаз гьесул эбел-инсуда зигара бан ва гьезул васасул гьунаразул бицун гIемерал кагътал рачIана, амма гьезул цояб гурони нахъе цIунун гьечIо. Гьеб буго Николай Федорович Павловасул кагъат.

*ине ва мугъзада нахъасан тушманасда къаби щвезабизе хIадурго рукIа...».*

Зубаиров хъулухъалъ хехго цевехун унев вукIана. 1942 соналда гьев вукIана батальоналъул комиссарлъун, цинги полкалъул парторглъун, гьебго соналъул ахиралда хасаб тIадкъай тIубазабулеб жибго жиндаго чIараб батальоналъул комиссарлъун.




(Дочка) ПОЧТОВАЯ КАРТОЧКА
Здравствуй дорогие мои родные. Поздравляю с (праздником) с новым 1943 годом.
Зоечка расти дорогуша, я приеду с победой над врагом. К этому времени чтобы ты была взрослой умной барышней, чтоб ты ходила в школу, научила писать и на что маме написала мне письмо, что она у тебя очень ленива и не пишет отцу письма. Посылаю тебе в подарок открытку с изображением красноармейца-танкиста. С приветом твой отец 1.1.1943 Магомед
ПРОСМОТРЕНО Военной Цензурой АН 26
Куда Дагестанская АССР Хунзахский Район с. Хунзах
Кому Алиевой Патимат
418 полевая почта часть 210 Зубаирову М. М.

ЦIияб сон баркун М. Зубаировас ясалъухъе битIараб открытка

Бергьенлъиялдаса чIухIизе ва вохизе гьесие рес ккечIо. 1943 соналъул авалалда хиянатаб гуллица гьесул бахIарчияб рагъулаб нух гьоркьоб къотIизабуна. Рагъулал гьалмагъзабаз гьесул эбел-инсуда зигара бан ва гьезул васасул гьунаразул бицун гIемерал кагътал рачIана, амма гьезул цояб гурони нахъе цIунун гьечIо. Гьеб буго Николай Федорович Павловасул кагъат. Гьадин хъвалеб буго гьес: *«ВорчIами, хирияв МухIамадов Зубаир! Духъе хъвалеб буго дур вас МухIамадил гьудулас. Фронталда ругеб мехалда нижеца цоцахъе адресал кьун рукIана нагагьлъун цоявниги лъукъани ялъуни чIвани гIагаразда лъазабизелъун. Ва гьале гьесул гьалмагъ хIисабалда дун хIажатавлъун*

*МухIамадов Зубаирихъе.*

*ХIурматияв гьалмагъ МухIамадов!*

*Рагъулаб командованиялъул лъазабиялда рекъон, дур вас капитан Зубаиров МухIамад Зубаирович Советияб ВатIаналъе гIоло рагъазда бахIарчилъиялда хвана.*

*Немцазул талавурчагIазде данде рагъазулъ дур вас Зубаиров МухIамадица бихьизабураб гьунаралъе гIоло гьесие наградаялъе кьола тIоцебесеб даражаялъул ВатIанияб рагъул орден.*

*ВатIанияб Рагъул орденалъул статусалъул 10-абилеб статьяялда рекъон, тIоцебесеб даражаялъул ВатIанияб рагъул орден ва орденалъул книжка нилъер халкъалда киданиги кIочене гьечIеб гьунар гьабурав*

*кколев вуго нужеда пашманаб хабар лъазабизе - Ленинград цIунулаго 1943 соналъул февралалда нужер вас М. Зубаиров бахIарчиго хвана. РакI-ракIалъ нужер хIурмат гьабулев Павлов. Авлахъалъулаб почта 418, рагъулаб часть 30».*

1944 соналъул ахиралда МухIамадил эмен Зубаир Хунзахъ рагъулаб комиссариаталде ахIана. ХIурматияб ахIвал-хIалалда рагъулав комиссарас цIалана СССРалъул Верховный Советалъул президиумалъул председатель М. Калининица МухIамадов Зубаирихъе битIун бачIараб кагъат. Михаил Ивановичас хъвалеб букIана:

*«Москва-Кремль. 1944 соналъул 24 март.*

*вас ракIалде щвезавизелъун нахъе цIунизе нужехъе ритIулел руго.*

*СССРалъул Верховный Советалъул президиумалъул председатель М. Калинин».*

Рагъулав комиссарас даимго цIунизе инсухъе кьуна васасул орден ва гьединго цIалана капитан Зубаировасул рагъул гьунаразул ва гьев хвараб куцалъул бицунеб гьес хъулухъ гьабулеб букIараб дивизиялъул командованиялъул кагъат. Кагътида абулеб букIана гьесул бахIарчилъи ункъо орденалдалъун ва чанго медалалдалъун кIодо гьабун букIанилан. КигIанго бокьичIониги, гьеб кагъатги нахъе цIунун гьечIо.

Амма рекIее кинго рахIат толеб букIинчIо дида лъикIго лъалеб хъизамалъул вас МухIамадил рагъулаб нух ва ахирисеб къисмат жеги мухIканго лъазабичIого. ГIемераб жо баян гьабизе кIвелаан вас хвеялъул хIакъалъулъ Зубаирихъе кагъат хъварав Н. Павловасда, амма живго Павловасулги кинаб къисмат ккарабали лъазабизе кIвечIо.

Пикру ккана нилъер бахIарчияв ракьцоясул наградаялъул тIамач битIеян гьарун СССРалъул Оборонаялъул министерствоялъул архивалде кагъат хъвазе. Гьенисан хехго жавабги бачIана. Гьелдасан баянлъана Зубаировас 80-абилеб кьвагьдохъабазул дивизиялда хъулухъ гьабулеб букIараблъи ва 1943 соналъул февралалда Синявиноялъе гIоло ккарал рагъазда хваравлъи.

Наградаялъул тIанчида абулеб букIана Зубаировас тIоцересел къояздасанго КIудияб ВатIанияб рагъулъ гIахьаллъи гьабулеб букIанин ва живго хIинкъи гьечIев лебалав, ВатIаналъе ритIухъав чилъун вихьизавунин, щуго нухалда лъукъунги вукIанилан. 1943 соналъул 2 февралалда Синявиноялда батальон гьужумалъ бачанин, рагъухъабазда гьес хIинкъи гьечIолъиялъул мисал бихьизабулеб букIанила.

ГIемерал цIех-рехаздаса хадуб лъана 80-абилеб кьвагьдохъабазул дивизиялъул ветераназул советалъул председательлъун, рагъ байбихьаралдаса гьеб лъугIизегIан дивизиялъул цо полкалъул командирасул заместительлъун хIалтIарав, Леонид Васильевич Попов вукIин. Гьел баянал щвезе кумекги гьабуна бахIарчияв рагъухъан, Кавказалъул тарих лъазабиялъе гIемераб хIалтIи гьабурав тарихиял гIелмабазул доктор Л. Лавровас.

Гьесул гIакълуялда рекъон дица Ленинградалде, Л. Поповасухъе кагъат хъвана. ГIемер заман иналде бачIана гьадинаб жаваб:

*«Леонид Васильевич Поповасухъе хъвараб дур кагъат гьоркьоб лъун дандбана 80-абилеб кьвагьдохъабазул дивизиялъул ветераназул советалда. Гьелъ нижеда тIадкъана капитан Зубаировасул гьунаразул хIакъалъулъ бицун жаваб хъвазе.*

*Нижеда лъикIго лъалаан капитан Зубаиров ва хIукуматалъул шапакъаталъе гьев вихьизавун вукIана нижеца. Капитан Зубаиров вукIана дивизиялъул лебалав ва бажари бугев политхIалтIухъан. Дивизиялда гьев вукIана батIи-батIиял хъулухъазда, 153-абилеб кьвагьдохъабазул полкалда гьев вукIана минометчагIазул батальоналъул комиссарлъун. Ленинградалъул горсвери тIезабилалде цебе, 1942 соналъул декабралда, нижеца гIуцIана лыжабазда*

*хъештIолезул батальон ва гьелъул комиссарлъун тIамуна дивизиялъул бищунго лъикIав политхIалтIухъан Зубаиров.*

*Капитан Зубаировасул нухмалъиялда гъоркь бажарана къокъаб заманалда гьеб батальон гъункизабизе ва ругьун гьабизе. Гьеб хIадур гьабулеб букIана гьужумалъулал рагьазе, тушманасул тIоцересел кьерал тIезарураб мехалда, хехаб куцалда церехун ине рес бугеб къуват хIисабалда, гьужумазулъ гIахьаллъи гьабизе.*

*Горсвери тIезабиялъе рагьал байбихьана 1943 соналъул 12 январалда. Гьел рукIана цIакъ захIматал ва кьвараpал рагьал, гьел халатрахъана Ленинградалъул горсвери тIезабун бажарараб 13 январалде щвезегIан. Гьеб къоялда дандчIвана кIиго фронталъул - Ленинградалъул ва Волховалъул фронтазул - аскарал.*

*Тушманас цIиял къуватал цIалел ва нилъер аскаразул бергьенлъабазе кьаквал гьабизе жигар бахъулеб букIана. Байбихьана Синявиноялъул рорхалъабазда хIалуцарал рагъазде. Нижер дивизиялъул рагъухъабаз къоялда жаниб тушманасул 30-ялде гIагарун гьужум нахъчIвазе кколаан. 1943 соналъул тIоцебесеб февралалде лъугьараб ахIвал-хIалалъ дивизиялъул командование тIамуна жиндирго ахирисеб резерв-лъжабазда хъештIолезул батальон - рагъде битIизе.*

*Командаялъул пунктаралде рачIана Ставкаялъул вакил Совет Союзалъул маршал К. Ворошилов, ВКП (б) ялъул Ленинград шагьаралъул комитеталъул секретарь ва кIиабилеб ударниаб армиялъул рагъулаб советалъул член А. Кузнецов. ЗахIматаб хIалалъулгун мухIканаб лъай-хъвайги гьабун, гьез тIадкъана дивизиялъул тIолалго къуватал ва резерваби тушманасул гьужумал нахъчIваялъе ва Синявиноялъул рорхалъаби цIуниялъе рехизе. Гьеб масъала бергьенлъиялда тIубазабуна дивизиялъул киналго частаз ва аслияб куцалда хIажатабщиналдалъун хьезабураб ва лъикIго ругьун гьабураб лыжабазда хъештIолезул батальоналъ.*

*КIиабилеб февралалда къаси батальоналъ Синявиноялъул рорхалъабазда жиндиего санагIатаб бакI ккуна ва рогьалил канлъи загьирлъарабго рагъде лъугьана. Гьез нахъчIвана тушманасул анцIгоялдасаги цIикIкIун гьужум. Капитан Зубаиров немцазул офицерасулгун рагъде лъугьана ва гьеб рагъда бахIарчилъиялда хвана.*

*Гьесие къуна тIоцебесеб даражаялъул ВатIанияб рагъул орден (гьев хун хадуб). Гьелде щвезегIанги гьесие къун букIана «БагIараб цIва» орден. Гьев чанго нухалда хIукуматалъул шапакъатаздалъун кIодо гьавуна ва лъукъун вукIана.*

*Гьес нухмалъулел рукIарал лыжниказул гьунар ва гьесул жиндирго бахIарчилъи кидаго рекIелъ цIунизе мустахIикъаб буго.*

*РакI-ракIалъго нужер хIурмат гьабулел Кутузовасул орден щвараб Любаналъул 80-абилеб кьвагьдохъабазул дивизиялъул ветераназул советалъул председатель Л. Попов.*

*80-абилеб кьвагьдохъабазул дивизиялъул вукIарав комиссар ва политотделалъул начальник, полковник Л. Бердичевский».*

Гьеле гьединаб букIана багIарав партизанасул васасул, ВатIаналъе ритIухъав магIаруласул гIумруялъул ва рагъулаб нух.

***М. ХIАЖИМУРАДОВ***

# Бихьинчияс гIадин, цIунана ВатIан

**Умумузул, мугIалимзабазул ва советияб тарбия щварав дир бидурихьазулъ кидаго хьвадулеб букIана ВатIаналде бугеб рокьи. Нижер хъизамалда гIемер кколаан гьелъул биценги. Инсуе рихарал рукIана ВатIаналде рокьи-хинлъи гьечIел, пачалихъалде мекъаб рагIи абулел. Гьелъул жавабиял хIалтIабазда нухмалъулеллъун хIалтIулезул гIей гьечIеб рахъ бугони, инсуца, гьединазде килищ битIун, гIоларел рахъазулги бицун, бадибе абулаан. Гьелъ росдал хIакимзабазе эменги вокьулароан, гьез гьев, берцинаб бицун, зафермалъун вукIа, колхозалъул харибакIал цIунулев хъаравуллъун вукIа хIалтIизе тIамулаан. Амма тIад таразул тасамахIлъи ккани, инсул кIалги чIоларoан.**

**- Дада, - ян абуна дица, - гьедигIан ВатIаналъе ритIухъаллъун ниж рукIине бокьулев дуе, щибха дуцаго ВатIаналъе гьабураб?**

**Инсул берал, ццидахараб бугъил гIадин, кунчIун рачIана.**

**– ВатIаналъе гIоло гIемераб жо гьабуна гьал хIалтIуца согI гьарурал кверaз: социализм гIуцIулаго, гIетIги тIун хIалтIулаго, пинкьахана гьал кверал, фашистал ВатIаналде кIанцIидал, бидрелъун тушманасде дандеги рагъана гьал.**

**ВатIаналде бугеб рокьул къуват лъала, гIицIго тушман рагъде вачIиндал. Гьеб абуни дида бихьана ва, бихьинчияс гIадин, дица ВатIанги цIунана…**




## Инсуца бицунаан…

- Гьеб букIана 1941 соналъул декабралъул ахир. Украинаялъул Полтава областалда, рохьил ахада бугеб цо гьитIинабго росдада аскIоб, борхалъуда щулалъиги ккун чIун букIана нижер кьвагьдохъабазул рота. Гьеб борхалъудаса, хьатиниб лъураб гIадин, бихьулаан тIад цIер чIвараб, гьитIинабго гIор чвахулеб расалъи, гьениса бачIунеб махххул ва шагьранухал тIаса унеб халатаб махххул кьо. Гьеб цIунизе кколаан нижеца, рагъалъ гIажиз гьарурал ва нахъе къан Харьковалдехун унел нилъер аскарал ун лъугIизегIан. Гьезда хадубго гIадин, нижеда тIаде щолеб букIана тушманасул кьвагьа-гIанхьиги.

ЧIей гьечIого, гIисинккун пулеб гьороца хандакъазухъе хьван балеб гIаздаца, цIакъ рахIат бахъизабун букIана, тIадежоялъе, букIинчIо гIураб къадар кванилги. Аскарияб нахъе ун хадуб нижер ихтиярлде тIаде рачIана рикIкIад кьвагьулел лъабго гIарадаялъул ва лъабго миномёталъул расчетал ва лъебергогIанасев солдатги. Бокьараб къагIидаялъ цIунизе кколеб букIана кьо ва бегьуларoан гьенисан цониги фашист виччазеги.

Нахъисеб къоялъ немцазул цо ротаялъ нижеде гьужум гьабизе байбихьана. Амма борхалъуда ругел нижер къуват бихьидал, гьезда аскIоре къазе кIвечIого, бухIараб кIиго танкги, лъабго машинаги ва къогогIанасев чIварав солдатги тун, нахъе тIурун ана. Къаденахъе лъабго танкги, цо чанго рагъулаб машинаги ва гIарадабигун нижеде тIаде гьужум гьабизе лъугьана фашистаз. Байбихьана рагъ. Тушманас танкалдасаги гIарадабаздасаги речIчIарал гумпарабаз нилъер гIарадачагIазул цо расчет хвезабуна, кьо цIунун рукIарал солдаталги чIвана. Кьоде гIагарлъизе риччачIого, гьезул кIиго танкги, броналъул лъабго рагъулаб машинаги бухIидал, фашистал церехун рачIинчIого, гьениб гIагарда бугеб щобда нахъа рахчун чIана.

Къокъаб хIасил, кьо ккана тушманасги нижецаги цIунулеблъун.

Ине нух букIинчIо. Гьеб кьвагьизабизе жеги нижее командованиялъул буюрухъ бачIун букIинчIо. Гьединлъидал жагъаллъи ккеялдаса кьо цIунулеб букIана нилъеразги фашистазги. Фашистаз нахъаса къотIичIого тIаде балеб гIарадабаз нилъеразул гIемерав солдат чIвана. Фашистазул цIи-цIияб къуват тIаде бачIун, гьеб жанибллъго солдатазги рагъулаб техникаялъги цIолеб букIана, амма гьез кинаб букIаниги хIалбихьи гьабулеб букIинчIо кьодаса церехун рачIине. Нижеда бичIчIана, нижеца кьо кьвагьизабиялда гьел хIинкъун рукIин…

ТIасияб къоялъ, дунял рогьараб-го, кьоде гIагарлъизе лъугьана гьезул кIиго танкги гьезда хадуб лъелазул ротаги. БачIинахъего, нилъер гIарадачагIаз алхинчIого речIчIараб гIарадаялъ бухIана кIиябго танк ва чIвана цо чанго фрицги. Хадубго фашистаз гIужда речIчIарал гIарадабазул гумпарабаз щущазабуна нилъер гIарадачагIазул кIиго расчет. Кьалъудаса хадуб командованиялъ рацияалдасан лъазабуна, кьо кьвагьзабеян.

Нижер ротаялъул чIагояздаса хварал гIемер рукIана, лъукъаралги дагьал рукIинчIо. Ротнияс цо параялъ данде ракIарана ниж, лъазабуна командованиялъул буюрухъ: бокьараб къагIидаялъ кьоги кьвагьизабун, дунял бецIлъизегIан гьенисан вачIине тушманасе нух къай ва, бецIлъиялдаса пайдаги босун, нахъеги аян… Гьединго гьес баян гьабуна, кьодул сакIазда минабиги лъун ва гьел кьвагьизариялъе кваралги рачун ругин, тушманасда рихьичIого, гьеб кьвагьизабиялъе лъабго солдат витIизе вугилан абун.

Рахча-хьван унел рукIарал кIиго кьокъаялъул солдатал тушманас чIвана. ГIуцIана лъабабилебги ункъабилебги кьокъаби. Ункъабилелде гьоркьове ккана дунги.

БитIана кьо кьвагьизабизе лъабабилеб кьокъа, рохьосахун. Гьезда ретIун хъахIал халгIатал рукIиналъ, немцазда рихьичIого, кьода гъоркье рорчIана ва кьо кьвагьизабиялъе хIалтIи гьабулел рукIана…

Немцазул разведчиказдаги рихьун, кьо кьвагьизабулездаги гьездаги гьоркьоб рагъ ккана. Жалго кьода гьоркь рукIаниги, рес тIагIарал гьез ВатIаналъе гIоло хвелги къабул гьабун, хехаб къагIидаялъ кьоги кьвагьизабун, жидедего тIаде щущазабуна…

Фашистазул цIи-цIияб къуват тIаде бачIунеб букIана. Танкабиги бронетранспортералги, кьодасан ине нух гьечIолъиялъ, гьелда сверухъ ракIарулел рукIана. Амма кигIан гIарадаги тIаде бан, тушманас нилъер солдатал гIумруялдаса ратIа гьарулел рукIаниги, чIаго хутIарав щивас, хваликъа хIинкъичIого, чIер барсизабулеб букIана танкабазе нух къачIазе рачIунел фашистазда…

Нижер гIумруялъул ахир тIаде щолеб гIадин букIана. Амма нижеда гьеб бихьулеб букIинчIо, ниж рагъулел рукIана тушманасул кIудияб къуваталде данде. Нижеда цебелъураб масъала тIубазабуна ва, дунял бецIлъарабго, лъукъаралги раччун, ниж гьениса нахъе ана…

ТIаде рачIарал рикIкIун, 250 рагъухъан вукIараб нижер ротаялъул чIаго нахъе хутIана, лъукъаралги рикIкIун, кьогогIанасев солдат. Цо лейтенант хутIизегIан, киналниги офицералги бахIарчилъиялда хвана…

Гьеле гьедин, рухIалда барахщичIого, цIунана нижеца ВатIан, нужер талихIалъе гIоло, - ян абуна инсуца.

ХIакъикъаталдаги ВатIан бокьуларесул рокьи сунцениги букIунареб, рокьи гьечIесул гьобол-гьудулги вукIунарев. Бокьа ВатIан! ЦIуне ВатIан! Ва рукIа гьелъие ритIухъаллъун! Гьеб мехалда улка – эркенаб, вацлъиялъулаб ва бечедаб, тушман тIаде кIанцIизе хIинкъулеб, къуватаб букIуна…

***Салман ХIасбулаев,***
***Болъихъ район,***
***Шодрода росу***

# «Поезд гурищ бачIунеб бугеб?»

**Накабаздаги чIун, кверал цере ккун,**
**Сордо-къо гьечIого гьардолей эбел.**
**ХIасратав, гIагарав, хирияв васин,**
**ЧIаго-гIатIго, сахго рокъове щваян.**
**Цебего тIагIана поездалъул кIкIуй,**
**Эбел кагъаталъухъ гIащикълъун йиго.**
**Амма гIолохъанай почтальон гьалда,**
**ЙихьичIеб ххвел гьабун уна аскIосан.**



Огь, къисмат… Эбелалдехун мун гурхIел гьечIеблъун букIана! Дагьабниги гурхIичIо мун гьелда! Цоялда хадуб цояб гьабун тIамуна дуца тIаде балагьал. Бокьарав чиясда гуро гьел хIехьезе кIолел. РахIму гьечIого, цо-цоккун кодоса лъималги рачун тана дуца, Ишкарталиса гIадатияв васасе ячарай, цIар бугеб хундерил тухумалъул лъикIай яс.

Гьелъул гьел рукIана анцIила кIигояй. Бегьиларо анищ цогIаги лъимер эбелалъе тезе, гIумруялъ инагьдилей йикIинчIого, гьеб лъимералде юссун, гьелдаса йохунгIаги йикIине? ИчIабилеб лъимер (вас) хвана анлъго сон байдал. Гьелъул рекIее бигьалъиялъе нахъе рукIана ГIумар, СалихI ва МухIамад.

Рагъ байбихьидал, лъабалго ана рагъде. Рагъ лъугIизе дагьаб заман хутIидал, эбел-инсухъе бачIана МухIамадил кагъат. Гьес хъвалеб букIана жив, асир гьарурал немцал цIунун Моздокалда вугила, кватIичIого рагъги лъугIизе бугила, живги гIагараб росулъе тIадвуссинилан.

Вас вихьизе букIараб хьулалъ, сабуралда чIезе кIолеб букIинчIо эбелалда. Моздок цо рагIараб, лъалеб гIадаб бакI бугин, нухда яхъинчIого рес гьечIин чIана гьей. Эбел васасухъе, фронталде ине къачIалей йигилан хабар тIибитIана сверухълъиялда. Военкоматалдаса изну босун, кодобхъатикь босулеб къачIан, гьей хIадурулейгIан заманаялъ гьезул рокъове щвечIев чи хутIичIо. Щивасухъ гьитIинабго сайгъат ва киназулго релълъараб гьари, васасда жиндир вас, рос, вац, эмен вихьичIищилан цIехейилан. Щиб лъалеб, дандчIван ватизе бегьулила, щиб бугониги рагIун батизе рес бугила…

Анжиялдасаги 300 километралъул манзил… Бигьаяб букIинчIо Моздокалде нух. Къайи бачулеб поездалда, цо къайи-къоноялда гьоркьорги къан рачIунел эбелалъги, цадахъ ячарай яцалъул ясалъги гIемераб мех бана нухда. Зама-заманалдасан, цо бакIалда гьезул поездги чIезабун, фронталъул поездал цере риччалаан. Гьединги Моздокалде гьезул поезд щвечIо. Тушманасул авиациялъ нухалги хвезарун, цо рагIа-ракьан гьечIеб авлахъалда чIана поезд. Шагьаралде щвезе гIемераб нух хутIуни гьечIеблъи лъарал эбелги ясги, кодоб букIарабги мугъзаде рехун, шагьаралъул рахъалде лъелго ана. РикIкIада, шагьаралъул чирахъал рихьулеб гIадаб бакIалда, ракIалдаго гьечIого, гIадамазул рукъбузул цIураб, цо гьитIинаб гохIде тIаде ккана. Гьенир киса-кирего ругоан солдатазул каскаби, фуражкаби, чакмаял. Дагьаб цебегIанги вахIшиял рагъал унел рукIараб гьеб гохIда тIад свераби рахъулел ругоан чIегIергъудузул тIелал…

Шагьаралъул рагIалда ругел рукъзабазде аскIоре щолаго рагIизе лъугьуна, цо бичIчIулареб мацIалда бихьиназ ахIулеб, ракIбакъвазабулеб кечI. АскIорегIан щведал, чIарбида гIодор чIарал немцал рихьана. Гьез ахIулеб букIуна доб кечIги. Гьел асирал цIунаразда гьоркьов эбелалда циндаго жиндирго МухIамад вихьула. «Вай, дир



вас!» - илан кIудияб гьаракьги гьабун, гьей васасда хурхуна. Гьеб суратги бихьун немцалгицин сихIкьотIун чIола. МухIамад, вохиялъ, лъавудаса ине дагьалъ хутIула. КигIан лъикIабги макьилъгицин йихьилин ккун букIунаро гьеда гьеб бакIалда эбел.

Цо лъалей гIурусалъул дора рещтIинарула МухIамадица эбелги яцгIалги. Эбелалъ бер тIаса босулеб букIунаро, рагъулги, гьудулзабазулги, гIагараб бергьенлъиялъулги бицунев васасдаса. КигIан магIу тIураб гьелъ гьеб сордоялъ! КигIанха гьелъие бокьун букIараб гьесда аскIой гьенийго чIезе. Ярагъги борчун, капурго хваял фашистал кирего риччачIого цIунизегицин хIадур йикIана гьей. Амма, рагъул къанунал кьварарал рукIунелъул, хадусеб къоялъго сапар бухьине ккана рокъобе.

Къисматалъ цIунана МухIамад тушманасул гуллидаса, амма квачалъ гурхIел гьабичIо. Гьуъурулги унтун вачIана фронталдаса рокъове витIун.

Эбелалъ васасе гьабичIеб дару-сабабги течIо, бищунго лъикIал больницабаздаги вегизавуна… Гьесул къаданийги чIун, бетIералда квералги рахъулаго эбелалъ гьарулеб букIана: «Унге дир вас! Тоге дун гьадин», -илан. Хачадилей эбелги тун, хвана МухIамад.

МухIамад ва гьесул кIудияв вацал ГIумарги СалихIги бокьарав чиясе кумекалъе ратулел, цIодорал, лъикIал васаллъун рикIкIунаанила нижер Ишкартали росулъ. Цониги бертин, сухIматкеп букIунароанила гьез гьорлъ гIахьаллъи гьабулареб, гьез чагъана бачинчIеб. ЧIегIерал чухъабиги ретIун, рорхатал, къартIал гьел росулъан рачIунаго, бищун берцинал ясазгицин бер рехичIого толароанила. Гьезул яцгIал Умхайирица бицунаан:

- СалихI вукIана цIакъ махсара-хочI гIемерав, кверда махщел бугев, бокьараб бакIалда тIамун галигун цеве вахъине кIолев, бахIарчияв вас. Гугарун ва гиря борхун гьесулъе вахунев чи вукIинчIо росулъ. ЦIакъ берцинаб гIамалалъул, къадруял вацал рукIана дир.

СалихI армиялда Бакуялда вукIана. Доб заманаялъ ункъо соналъ гьабулаан рагъулаб хъулухъ. Гьеб заман ине кIиго моцI хутIараб мехалъ байбихьана рагъ. Гьеб мехалъ эбелалъухъе бачIана гьесул кагъат: «Хирияй эбел, дун квеш гьечIо. Щаялиго гьанже ракIалде щвана, ниж гьитIинаб мехалъ дуца абулеб букIараб: «Лъимал, радал рахъаразул кьегIер цIуябилан абула, гьеб буго малаикзабаз талихI бикьулеб заман», - илан. Гьанже цIакъ ракI бухIун буго, духъ гIенеккун, рогьалильго тIаде вахъунев вукIинчIолъиялдаса. Щиб лъалеб, диеги щвезе бегьулаан цо гьитIинабниги талихIалъул бутIа. Кинабго Аллагьасул къадар. ВатIанги нужги цIуни дир борчIидал. Аллагьас хъван батани, рагъги лъугIила, дунги чIаго-гIатIго нужехъе тIадвуссина. Ургъел гьабуге. Метер ниж рагъде унел руго. Дица гьаниб тIубараб чемодан сайгъатазул данде гьабун букIана Аминатие. Бокьун букIана гьей йохизайизе. Амма гьаб гIажуж-мажужалда гьоркьоб, кибе ккарабали, гьебги батулеб гьечIо…»

Гьеб кагъат щвараалдаса сардил макьу тIагIана эбелалъул. Инсулги ракI лъикI букIинчIо, амма руччабаз гIадин гьеб загьир гьабизе рес букIинчIо. Заманалдасан эбел-инсухъе щвана СалихIил цоги кагъат: *«Эбел, нужеде киназдего урхъараб салам! Нижер поезда МахIачхъалаялдасан унилан абулеб буго. Кутакалда бокьилаан нуж рихьизе. ГьитIинай Аминатги гъоркь тоге. Кутакалда ракI щун вуго…»,* - йилан.

Эбел лъугьана гIедегIун васгун дандчIвазе хIадуризе. Рукъ букIана квачIид бахъинабун.



ТIаде щвана гьеб къо. Эбел къачIан йикIана, гьеб къоялъ росасе унеЙ йигейгIанги. Эбелги, ГIумарил лъадиги, гьесул гьитIинай яс Аминатги, яцалъул яс Умхайирги, цада-мадахъ щвана Анжиялъул вокзалалде.

РикIкIадасан поезд баккарабго, гьеб аскIобе щвезегIан чIезе кIвечIого, эбел перон чIван екерана. Цебе бугеб бихьуларей гьелъул, гIодойги ккун, хачана наку. Нахъеги, яхъун тIадегун екерулей гьелъул, накалдаса чвахулеб бидуца цIун букIана хьит ва нахъа толеб букIана бидул лъалкI.

Ахирги поезд чIана. Гьелда тIад СалихI ватичIо. Эбелалъул ракI букIана биунеб. Цогидалги поездалда дандчIвазе рачIараз сверунги ккун, ракI-макI гьабуна, наку бухьана. Лъазабиялдасан бичIчIана хадусеб Бакуялдаса поезд рогьалилъ бачIине букIин. Эбелалъ, кьижарай Аминатги кодой ккун, цо бер данде бачинчIо рогьинегIан.

ТалихIалъ, рогьана ва паровозалъул халатккараб гьаракь рагIана. Свакги гIодой чIун рогьараб сордоги кIочарай эбел гьанжеги екерана перо-налдасан поездалда данде. Дунял къалъарабилан ккана, поездалдаса къватIиве ваккарав СалихIил гьими бихьарабго, эбелалада. Эбел гьесда хурхун чIана. Чвахулеб магIуялъ гIанкъулейги йикIана. КIвараб хIалалъ гьей гIодое йиччазаюлев вукIана вас. Аминатида берчIварабго, кодоеги йосун: «Дур берцинлъи щиб, Аминат! Мунищ гьай дацил берцинай!» - илан сверизаюна СалихIица. Гьесда Аминат тIоцее йихьулей йикIана. Жиндирго хъизан жеги гIуцIичIев гьесул, вацасул ясалде гIажаибаб рокьи букIана. ГьитIинай Аминатида хадуб бичIчIизе ва лъазе букIана, вокзалалда жий кодое ячарав, рагъухъанасул ретIел ретIарав даци щив вукIаравали.

ДандчIваялдаса рохарал гIагаразда заман кин арабалицин лъачIо, ратIалъизе заман щун батана. ЦIидасан магIу, къвалал… Бихьудаса поезд тIерхьинегIан, поездалъул нуцIихъги чIун СалихIица квер хьвагIулеб букIана гьезде.

Умхайирица бицана, СалихIие фронталда офицерасул цIарги щванила, ротаялъе нухмалъи гьабулев вукIанилан. Бищунго гIагараб гьудулги гьесул вукIун вуго Коляйилан батальоналъул командир. СалихIил ротаялда вукIарав нилъер мухъалдаса чияс бицана, битIун рагъ боркьараб мехалъ, немцазул рахьалде рорчIани, чIвачIого рукIине рес бугохайилан абигун, гьес: «Киданиги чIаго дун тушманасул кверде ине гьечIо, мунги виччазе гьечIо. Инилан лъугьани, дицаго чIвазеги вуго», - йилан лъазабунила гьес. Гьединав вукIана СалихI, ракълилаб заманаялъги рагъдаги – гIорхъолъа ун бахIарчияв ва таваккалав.

Ахирисеб къоялде щвезегIанги эбел йикIунаан, васал рачIиналъухъ, рикIкIаде нухде ялагьун. СалихIил ахирисеб кагътица цIакъ рахIат хвезабуна гьезул.

*«Салам, дир хириял эбелги эменги. ТIоцебе абизе бокьун буго дун сах-саламатго вугилан. Нужги гьединго рати буго дир мурад. Урхьараб салам бице ГIумарил лъадуда, гьитIинай Аминатда, киналго гIага-божаразда. Метер ине руго тIагIаял фашистал гъуризе. Гьелдаса хадуб дир кагъат-хабар къотIани, мунагьал чурагиян абе. Нужер вас СалихI».*

КигIан рахIтхвараб кагъат бугониги, эбелинсул цо гьитIинабго хьулги букIана кинабго лъикI букIинилан. ГIумар араб бакI лъачIого тIагIанилан фронталдаса кагъат щунги заман ун букIинчIелъулха. Гьеб кагъат бачIун букIин лъарал гIагараз кIварабгIан ракI-макI гьабулеб букIана эбел-инсуе. Гьез лъикIаб бицарабгIан, кIудияб къварилъиялъул пикрабаз къакъалеб букIана эбелалъул ракI. Гьелда ракIалъго бицунеб букIана. Почтальонлъул хIалтIулей ясалъ, эбел къватIие арай гIадаб заманги балагьун, бальго, инсухъе – Батирбийихъе кьуна фронталдаса кагъат. Гьеб букIана СалихIица хьулухъ гьабулеб букIараб батальоналъул командир Николай Александрович Бондарил кагъат:

*«ХIурматияв Батирбий. КIудияб адабгун ва рекIелъ пашмалъигун нужехъе хьвалеб буго нужер хирияв вас СалихIил командирас. 1944 соналъул 22 ноябралъул сардилъ нилъедаса ватIалъана бахIарчияв рагъухъан, лъикIав инсан, СалихI. Гьев рагъулъ захIматго лъукъун вукIана, амма хвасар гьавизе кIвечIо. Нижеца гьев, киналго нужер гIадатазда рекъон, рогьалилъ вукъана. Нужер вас вукIана дир бищун лъикIав гьудуллъун ва дида гьев киданиги кIочон теларо. Чара гьечIого гъурила нижеца цо течIого фашист ва босила рецIел. ЧIаго хутIизе хьван батани, дун жеги вачIина нужехъе ва бицина кигIан бахIарчияв вас нужер вукIаравали. ЛъикIилан ккани, хьвай дихъе, №51460 полевая почтаялде. Нужер Николай».*

Кагъатги цIалун, некIого бетIер хъахIлъарав Батирбийида магIу ккезе кIвечIо. Гьесда лъалеб букIинчIо васасул эбелалда кин бицинебали. Гьеб заманаялъ жание лъугьун ячIана гьей. МагIил цIун бералгун кодоб ккун кагъатгун гьев вихьидал, кинабго бичIчIана. Гьей чIарбидеги йортун, магIил рагIаби абизе лъугьана:

**Дица дирго кочIое**
**Къварилъи биценани,**
**Цо гьитIинабги магIу**
**Лъаралъе тIинкIун ани,**
**Гьеб магIил цIамхIаллъиялъ,**
**Къварилъиялъул гучалъ,**
**Лъар циндаго цIамхIаллъун**
**Ралъадлъун лъугьинаан,** - абун.

ТIаде бачIараб къварилъи-балагь хIехьезе кIвечIого, эбел бусаде ккана. Риччалъ йигей гьелъ кидаго цIехолеб букIана «Поезд гурищ бачIунеб бугеб?.. Лъимал руссине заман щун буго. Лъицаха гьезда дандчIвай гьабизе бугеб, эбелалъ гуреб? Вореха, дун дагьай кьижилин, йорчIизайизе кIочонге…»

Гьедин даимго къанцана эбелалъул берал. Алжаналъуй жиндирго лъималгун данде гьаеги гьей Аллагьас.

**ХадурагIи**

12 лъимер къаникь лъурай эбелалда цIар букIана Баху. Гьей йикIана Хунзахъ районалъул ЦIелмес росулъа. Араб бакI лъачIого рагъда тIагIарав дир кIудияв эмен ГIумарил эбел. Гьелъул цIар буго дида лъун.

**Паху ХIАЙБУЛАЕВА,**
***«Дагъыстанлы къатын» журналалъул редактор***

# ВатIаналъе гIоло гIумру кьурав

***МухIамадзагьид ГIабдулманапов гьавуралдаса 100 сон тIубаялде***



**ГьитIинаб къоялдаса нахъе ВатIаналде рокьиги рекIелъ къвакIиги бижизабурав багьадурлъун вукIана гIолеб гIелалъе Совет Союзалъул БахIарчи МухIамадзагьид ГIабдулманапов. Исана сентябралда 100 сон тIубала гьев гьавуралдаса. Исанасеб сон ГIахьвахъ районалда ГIабдулманаповасул лъагIеллъун лъазабунги буго.**

1944 соналъул апрель. Тушманасда къабиги щвезабун, ихдал нилъер аскарал церехун унел рукIана. Джанкое шагьаралда гьоркь тушманас кутакаб дандечIей гьабулеб букIана. Амма сверунги ккун, нилъер рагъухъабаз гьел гъурана. Цере рукIана Симферополь ва Севастополь. КъваригIун букIана цере ругел тушманасул щулалъаби, къуват ва чIараб бакI лъазабизе. Гьеб гьабизе тIадкъана Николай Поддубныясул разведчиказул отделениялда. Командирги рикIкIун гьезул вукIана ичIго чи. Гьел разведкаялъ ана танкалда тIад. Нух букIана захIматаб, ккана чанго къокъал рагъал.

13 апрелалда разведчиказул отделение Сакский районалъул Ашагъа-Жали росдал рагIалда дандчIвана тушманасул гарнизонгун, гьез танкалде кьвагьи гьабуна. Гьелъул хIасилалда танкалъул хIара бекизабуна. Рагъулаб къуват лъугIараб гьеб тушбабаз сверун ккуна. Разведчиказул рес букIинчIо ращалъи гьечIеб рагъде лъугьинчIого. Тушманасул батальоналъул командир божичIо жидеде данде гIицIго ичIго разведчик вагъулев вукIиналда ва буюрухъ кьуна кверде рачIаян лъазабизе вакилзаби ритIеян.

- Дур капитан цIукIа вуго. Гьес нижги жиндаго ращад гьарулел руго. Ниж, гIурусал, кверде рачIунаро, - ян жаваб кьуна Поддубныяс фашистазул ахIиялъе.

Рагъ халалъана кIигогIан сагIаталъ. Патронал лъугIун хадуб ГIабдулманаповги гьалмагъзабиги лъугьана квержубараб рагъде ва чанго тушман чIвана, амма ахирги гьел ккуна. Росулъеги рачун, разведчиказе гIазаб кьуна. ГIабдулманапов хвана жиндирго часталъул, гьалмагъзабазул хIакъалъулъ цониги рагIи абичIого, хIатта бицинчIо жиндирго фамилия, цIар…

«Крымалъе гIоло рагъазулъ 19-абилеб танказул корпус» абурал ракIалдещвеязда разведчиказул гьунаралъе тIадегIанаб кьимат кьун буго К. Ворошиловасул цIаралда бугеб генералияб штабалъул рагъулаб академиялъул вукIарав начальник И. Шавровасги.

БахIарчиясул гIагарлъиялъухъ нахъе цIунун буго гьесул эбел МатIи ГIабдулманапова – Мусаевалъухъе 1944 соналъул 30 апрелалда 8-абилеб гвардиялъулаб батальоналъул командованиялъул ва рагъухъабазул рахьалдасан бачIараб кагъат:

«КигIанго захIматго бугониги ритIулел руго нужехъе нужер вас бахIарчиго хвеялъул хIакъалъулъ документал.

Нижер гвардиялъулаб хъизамалъул командованиялъ нуха регIана рагъулал гьалмагъзаби. Митингалда киналго рагъухъаби гьедана гьезул гIумруялъе гIоло къисас босизе ва нижеца рагIи кколеб буго – тушманасе кколел руго чIахIиял камиял, гьев жиндирго чIегIераб кIкIалахъе нахъаса-нахъе къалев вуго.

Гьанжеги, хириял, бацIцIе нужерго магIу ва ВатIаналъе гIоло гIумру кьурав гIагарав рагъухъанасдаса чIухIаралъун рукIа».

ИчIго разведчик… Гьезул щивасул хIакъалъулъ хьвазе бегьула тIехь, кечI, бахъизе бегьула кино. Гьезул гIумру ва гьунар хIакъикъаталдаги хвел гьечIеб буго. Щайгурелъул, Крымалъул Сакский районалъул ракьалда букIараб рагъулъ гьел абадиялъго хвел гьечIеллъун рахъиндал.

**ХI. КУЧУЕВ**

# Бидуца релъарал лъалкIал

КIудияб ВатIанияб рагъулъ бергьенлъи босиялъулъ кIудияб бутIа лъуна Хьаргаби районалъги. Районалдаса рагъде ана азаргоялдасаги цIикIкIун чи. Анкьнусгоялде гIагарун чи тIадвуссинчIо, бихьизабураб бахIарчиялъухъ ва бихьинчилъиялъухъ нус-нус чиясе щвана орденалгун-медалал.

Рагъул сонал аниги, жидерго россал, вацал, васал тIадруссун рачIинин хьулалда рукIана мугIрул руччаби. Цо-цоял лъукъа-къотIун тIадруссана, цо-цоял хванин, рукъанин хабар щвана, амма чанги эбел, нухда лъун беральгун, хьулазда хутIана...

1938-1940-абилел соназда магIарухъ гIолохъаби колхозалдаги хIалтIун, магIишат цебетIезабулел рукIана. ХIалтIуде гьел унаан ахIулаго кечIгун, кьурдул сверабиги рахъун. Росулъ гIумру букIана гIадатияб, талихIаб. Амма цинтIаго тIаде щвараб рокьукъаб ругьелалъ гIадамазул ракIалги гIадатияб гIумруги хисизабуна.

Гьеб гIасияб рагъде дир гьитIинабго ГIаймаки росулъа ана 176 чи. Гьезда гьоркьоса 89-яв тIадвуссинчIо. Рагъде арал бихьиназул бакI ккуна улбузги яцазги.

Хур-хералъулги рукъ-бакIалъулги – кинабго хIалтIи тIаде бегана руччабазде.

Жидерго хьизан хьихьизе гьабураб гIечIого, гьез фронталде битIизеги гьабуна магIишат.

Рагъде аразул ва гьениса тIадруссинчIезул хIакъалъулъ цIех-рех гьабурай ГIаймаки росдал школалъул тарихалъул учитель Дамирова РайхIанитица данде гьабураб материалалда гьадин хъван буго:

«1941-1945 соназда росулъа фронталде битIана: гIиялъажал – 35, боцIи – 8, гьан - 105кг., нах - 97 кг., тамахъу - 117,5 кг., цIулакьо - 217 кг., ахбазан - 85 кг., гIеч - 51 кг., квердаххелал - 207, щватаби – 78, ретIел - 48, тIагърал – 105».

ЗахIматаб, кьогIал сухъмахъазул цIураб букIана рагъде аразул ва гьезухъ балагьун рокъор ругезул нух.

ВатIанияб рагъул гIахьалчи АхIмадов Рабаданил (1921-1987) вас МухIамадица бицуна инсуе щванин КIудияб ВатIанияб рагъул тIоцебесеб даражаялъул орден, «БахIарчиялъухъ», «Берлин босиялъухъ», «Варшава эркен гьабиялъухъ», «Рагъулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ» медалал.

Гьесие щванин И. Сталинил баркалаялъул кагъат, гьединго, Рокоссовскиясул рахъалдасан сагIатги.

1942 соналъул июналдаса 1945 соналъул 9 маялде щвезегIан рагъда вукIарав Шарабудин Мажидовасул (1920-1990) хIакъалъулъги гьесул гIагарлъиялъ гьадин бицана:

«№287 рагъулаб частальул ротаялда Шарабудиница рагъулаб хьулухъ тIубалеб букIана Украинаялъул лъабабилеб фронталда. Нахъа тана халатаб рагъулаб нух: гIахьаллъана Воронеж, Ростов, Ворошиловград, Кировоград, Белгород, Днепропетровск, Харьков, Киев, Одесса, Бухарест, Будапешт эркен гьабиялъулъ».

Элдар ДацихIажиевасул (1898-1988) яс ПатIиматица бицунаан инсуда бихьараб къварилъиялъул:




«Нижер вукIана 6000 солдат, гьезда гьоркьоса 300-яв хутIана. Дида цадахъ рукIараздаса нахъаги хутIун, асиралде ккарав дун, квен гьабулев чилъун тана. Дир гьудулзаби цогидаб захIматабщинаб хIалтIи гьабулел рукIунаан. Кванда нахъа вукIаниги, кваназе жо гIемер щолароан нижее. Цо нухалда щвараб чадил буханка бахчун тана дица. Бихьулареб хIалалда росуцояв ГIаду Шабановасухъе кьуна гьеб. Гьесги босун кун-кваргун, 18 кьотIел гьабуна чадил. ГьедигIан гьудулзаби рукIана нижеда аскIор. Лъабго кьоялъ кваназе гIуна нижее гьеб. Гьелдса цебе лъабго кьоялъ ва хадусеб лъабго кьоялъ кваназе жо букIинчIо. Ракь гьаргьадулеб кьвагьа-гIанхъи букIана сверухъ. Ккезе щварал ккун, чIагого рукъун, балагьизе кIолеб сурат букIинчIо гьеник. Гьабизе кIолеб кумек гьечIолъиялъ, ракIунтизабун букIунаан».

ГIемераб би гIодобе тIуна гьеб рагъда. Дагьлъулел руго рагъул гIахьалчагIазул ракIалдещвеял рицине лъималцин. Амма гIолеб гIелалда ракIалдаса инаро гьезул бахIарчилъи, кIочене теларо бачIунеб гIелалъул гIумруялъе гIоло тарихалда хъварал гьезул цIарал.

# БагIарараб рии

**Щуабилеб апрелалда къватIибе араб «ХIакъикъаталда» бахьун букIана 1950-абилел соназда «БагIараб байрахъ» газеталда хIалтIарав Хунзахъ росулъа ХIамзатов Хочо-МухIамал хIакъалъулъ гьесул яс Даниялова Рашидатил ракIалдещвеял. Гьелда гьоркьоса росун, Бергьенлъиялъул кьоялъул хIурматалда, газеталда рахьизе тун рукIана ХIамзатовасул рагъул соназул бицарал ракIалдещвеял.**

**Рашидатица бицана:**

«Дида ракIалда буго багIарараб рии, цо гIажаибаб рагъа-рачари, сверухъ букIараб ахIи-хIур. АскIосан гIедегIун унел рукIарал вагонал, рекерулел гIадамал, машинаби, гьетIа-кIичIарал нухал. Дир ботIролъ гьеб сурат цебегоялдаса букIана, амма щиб заман гьебали лъалеб букIинчIо.

Дагьал церегIан соназ дун цIидасанги инсул ракIалдещвеял цIализе лъугьана, гьел рукIана 1980-абилел соназда гьес гьарурал хьвай-хьвагIаял. Гьел цIалидал, дир ботIролъ букIараб сурат щибаб минутккун ракIалде бачIана.



Гьеб мехалда дида бичIчIана гьалгощинал соназ дир ботIролъ, пикрабалъ букIараб сценка гьеб макьу, кино, цебетIами гуребльи. Гьеб кинабго дир гьитIинаб мехалъул лъугьа-бахьин, инсул хIакъалъулъ тIоцересел ракIалдещвеял рукIин.

Эмен тIоцересел кьоязго жиндиего бокьун фронталде унезул кьокьаялде лъугьана ва хIадурлъиялъе Бакуялде витIана. Гьениса рукIинесел фронтовикал ритIулел рукIана, поездалдаги рекIун, рагъде. Эмен эбелалъухъеги Арбулиев МухIамадихъеги кIалъана жал рекIараб поезд метер МахIачхъалаялдаса ине бугин, поезд лъалхъичIони, рикIкIадасан бугониги рихьизе бокьилаанин абун.

Хехго, квен-тIехалъул цIураб кIудияб чемодан бакIарана эбелалъ, инсуеги цадахъ ругезеги. Хадусеб кьоялъ, хIалакъай, гьитIинай дир эбел, кодой дунги ккун, гIагарлъиялда цадахъ, гьабсагIат дир кIодол гьобол ЦIадаса ХIамзатил памятник бугеб бакIалда яхъун чIана.

Бихьизабураб заманалдаса хехго поездги ун, гьезда бичIчIулеб букIана жал вокзалалде щолел гьечIолъи.

Вагоналъул рагIаллъабаздаса къватIире бутIрулги раккизарун, ралагьун рукIана цо-цоял. БитIун ниж ругеб бакIалде щолаго, инсуцаги бетIер къватIибе баккизабуна ва гьесда ниж рихьана.

ГьитIинай, лъагIел гурони бачIей дида, кин гьеб лахIзат ракIалда чIараб? Гьеб сурат буго дир берда цебе. Эменги, гIемераб заманалъ ниж ругеб рахъалде балагьун хутIана. Поезд вокзалалдаги чIечIого, цебехун гIедегIун ана. Гьеб лахIзаталъ МухIамад-дацица кодобе чемодан босана ва хехго машинаялъур гIодор чIаян абуна. Гьесул божараб гьудул, хехаб машиналъ, ниж Моздокалде хьамуна, гьениб поезд лъалхъизе кколин абуна гьес. Ниж заманалда щвана Моздокалде. Дагьабго заман, кьокьабго лъалхъи, амма гIумруялъ ракIалдаса унареб лахIзат.

Инсуца абулаан, гьадаб кьокьабго дандчIваялъ кумек гьабунин жиндие рагъулаб нух нахъа тезе.

Рагъда лъукъарав дир эмен госпиталалдаса хадув цIидасанги фронталде тIадвуссуна. Рагъ лъугIула, Кенигсбергалда Бергьенлъиялда дандчIвайги гьабун, жеги лъагIел бала инсуца Белоруссиялъул риххарал шагьарал цIидасан ралел бакIазда.

Цо нухалда Египеталда рукIаго, экскурсиялде унаго, дида цадахъ ккана Белоруссиялдаса руччаби. Дица гьикъана нужеда лъалищин Старые дороги абураб шагьар? Кин лъалареб, ниж гьенир гIумру гьабун ругин абуна гьез. ГьедигIангицин инсул лъалкI, гьесул ракIалдещвеял киргоцин цадахъ рукIана нижеда. Эмен чIаго гьечIониги, гьединаб сапаралдагицин гьев ракIалдещвеялъе нугIзал ратана дида.

Чемоданалъул букIаралъул бицани, чанго кьоялда жаниб гьеб чIобоголъанин ва гьениб букIараб кваница кьогIал рагъул кьоял дагьал гьуин гьарунин ва ракълилаб гIумруялде ракIал гIагар гьарунин хьван бугоан инсуца.

Солдатазда жеги лъалароан кинаб захIматаб, вахIшияб заман жидеда цебе бугебали, кинал камиялгун бергьенлъи босизе кколебали. Амма инсул бергьенлъи босиялда ракIчIун букIараблъи лъалеб жо буго - гьесухъ балагьун букIаралъул ватIан, хьизан, гьитIинай яс. Кинабго гIагарлъи гьев вачIиналъухъ урхъун рукIиндалха».

*ПатIимат МУХIАМАЕВА*

# Чармил щулалъаби кверaз тIутIуна

**«Хирияв учитель, мун нижеда киданиги кIочон толаро. Классалъул къадада бан буго дур суратги. Хъвай нижехъе, кина-кинал рагъазда гIахьаллъарав, кинал шапакъатазе мустахIикълъаарав, лъукъун вукIаниц», - ан хъвалеб буго СагIадула Мусаевасухъе Хьиндахъ росдал школалъул цIалдохъабаз битIараб кагътида.**

С. Мусаев хутIана, цIалдохъабазе кинаб жаваб кьелебали лъаларого… Шапакъат щвечIо жеги, гулби хъинтIичIого аскIосан роржунел руго. РакIалде щвана студентлъиялъул заман, хIалтIулев вукIараб Хьиндахъ росдал школа, цIалдохъаби, гIагараб Ругъжаб росу ва гIазизай эбел. Щиб бугеб цебехун – Аллагьасда гурони лъаларо…

СагIадула Мусаев гьавуна 1919 соналда Гъуниб районалъул Ругъжаб росулъ. Росдал школа лъугIидал, цIализе ана Буйнакскиялъул Авар педучилищеялде. ХIалтIана ЧIарада ва Хьиндахъ росабазул школазда. 1941 соналда, рарал соназда тIаде ункъо сонги жубан, жиндиего бокьун, фронталде ана.

Дагъистаналдаса гIолилав гIахьаллъана Керчалъул пролив бахиналъулъ. Солдаталгун катер проливалъул рагIалде щун букIана, амма лъел карачелаз рес кьолеб букIинчIо катер лъалхъизабизе.

Фашистазда бихьана нилъеразул десантгун бачIунеб катер ва байбихьана кьвагьдезе. СагIадула кIанцIана лъелъе. Гьесда хадур рахъана цогидал солдаталги. Гулбузул цIадукье ккарал солдатаз байбихьараб гъужумалъ фашистал рихха-хочизаруна ва гьел нахъе къазе байбихьана. Амма кватIичIого, рекIеда ратарал гIадин, цIидасанги байбихьана кьвагьдезе. Рагъухъабаз хIалбихьулаан церехун ине, амма гьоркьоса къотIичIого кьвагьдолеб пулеметалъ толеб букIинчIо бетIер борхизецин.

СагIадулаца байбихьана тушманасул пулеметалде нух бахъизе. Мусаев лъукъана, амма лъалхъичIо. Гьев щвана зазихараб маххулкуналъул сангаралъухъе. ТIагъурги квералда жемун, тIутIун бана гьес маххулкун ва тушманасул пулеметалде граната рехана.

ГIагарда ругел тушманасул пулеметал гьесде кьвагьдезе байбихьана. Гьелъ нилъеразе рес кьуна церехун ине. Гьеб мехалда борхалъудасан гитлеризазул пулеметал цIидасан руссана советиял солдатаздехун. Гьел цIидасан рахчизе ккана траншеязулъ. Гьеб мехалда Мусаев тIаде вахъана ва тушманасдехун галаби тIамуна гьес. СагIадулада щвана цо гулла, кIиго, бахъана гали – лъабго. Бераздаса канлъи ана, амма гьес, цабиги данде къан, кодоб автоматгун, церехун тIамуна галаби.



Тушманасде гьалагаб ццимгун цевехун унев СагIадула фашистазда кколев вукIана чIвазе бажаруларев бахIарчилъун. Гьез байбихьана цIа речIчIулеб пулеметалдасан гьесде кьвагьдезе. Гьесда хъвачIого, хьолбохъан унел рукIана цIадул мацIал. СагIадулада хадурго рачIунел рукIана гьесул гьалмагъзабиги. Щвана гохIил тIогьиве ва Мусаев векерана тушманас ккураб борхалъиялде. Рихха-хочарал фашистал, хандакъалги рехун тун, лъутун ана.

КватIичIого борхалъиялда парпадана СагIадула Мусаевасул биялъ бельараб БагIараб байрахъ. Гьев вукъана Киевалда гIагарлъухъ бугеб Баксы абураб колода. СагIадулаца балеб букIана 20 сон.

Рагъул ветераназул советияб комитеталда цIунун буго «Матросовцы» абураб альбом. Гьелда хъван буго Александр Матросовасул гьунар такрар гьабурав 209 рагъухъанасул цIар. Гьезда гьоркьов рехсон вуго СагIадула Мусаевги.

СССРалъул Верховный Советалъ 1944 соналъул 16 маялда къабул гьабураб указалда рекъон, сержант СагIадула Мусаевасе кьуна Совет Союзалъул БахIарчиясул цIарги, Ленинил орденги ва «Меседил ЦIваялъул» медальги.

Гьесул цIар кьуна Ругъжаб росдал школалъе ва 1960 соналда эхетана памятникги. Крымалда, СагIадула Мусаевасул хабада, росуцоя чIвана мемориалияб хъарщи. Гьелда хъван буго: «Матросовасул гьунар такрар гьабурав Совет Союзалъул БахIарчиясе. Ракьцоял-дагъистаниязул рахъалдаса», - абун.

***ПатIимат ХIАЖИЕВА,***
***Гъуниб район, Хьиндахъ росу***

# Гьал дида лъаларел гIолохъабазул гIемерал пикраби гьарула дица



Мухумаев Магомед (хури)



Газимагомедов Кайтмаз



Гамзатов Магомед (кI)

**ГIолохъанлъиялъул гIорхъоде щведал,**
**Гьал гIолилаздаги хвел данде чIвана.**
**Дир гIагараб росдал тарихалдаса**
**Пашманал гьурмазде тIадюссана дун…**

## Гьазул занал гьечIо росдал хабзалалъ

Гьазие хоб щвечIо росдал ракьалда,
Росдал гIадаталда, гIаданлъиялда.
Гьал дида лъаларел гIолохъабазул
ГIемерал пикраби гьарула дица.

Лъебералда щуго вуссинчIо нахъе,
РакIазулъ щивасул цIарал хутIила.
Лъебералда щуго гьасда цIа свана,
Гьезул кверaз тIокIаб ккечIо пурцил гIоркь.

Гьел хIалтIичIо ахакь, ахIичIо кучIдул,
Гьезул занал гьечIо росдал хабзалалъ.
Лъебералда щуго чIужугIаданалъ
Дол соназ ретIана чIегIераб партал.
* * *
Ниж гьечIо! Ниж чIвана!
РагIулищ, гIадамал-чагIи, нужеда?
Амма тушманасул гулбузул пиштIи
Гьурмаде гурони къабул гьабичIо.
* * *
Нижер хоб камураб кибго бакI гьечIо-
Киев, Братислава, Берлин, Прага.
ЦохIо гьари буго гьел шагьаразде –
Гьурмазда нижее – цо гьитIинаб бакI.

Щайзе гьитIинаб бакI, щайзе гьурмазда?
Памятникал рала нижеца нужей.
Мармар гьецIоялда рикIила цIарал,
РекIелъа сунцаго гьел хьвагIаларо.

## Гьаб бакъги гьаб къоги нилъей букIине

Рагъана, ракъана, чангиял хвана,
ХутIараз гIуцIараб улка буго дир.



**Рагъдаса руссинчIел росуцоязе**
**Гьаб дир росу бакьулъ памятник буго -**
**Меседил хIарпаца рикIарал цIарал,**
**ТIогьиб - щугIаркьелаб цIваялъул сурат.**

Щай? Сундуе гIоло?
Гьаб бакъги гьаб къоги нилъей букIине!
* * *
Гьацаб ракьалда хер гьацаб бижула -
Гьарула нижее согIаб тарбия!
* * *
Гьедула, гьедула гьаб ракьалхIаги
Ракьалда хьвадизе бихьинал гIадин!

***Шамай ХЪАЗАНБИЕВА,***
***пайда босана ТIанусиса МухIамад***
***ГIабдулхаликъовасул композициялдаса***



Абдулхаликов Гаджи



Алиев Магомед



Абдулкадиров Муху

## «МУГIРУЛ ГIАЗУДАСА ХIИНКЪУЛАРО»
### абураб поэмаялдаса «Нилъер рокьул кечI» абураб кесек

Нолъ макьилъ вихьана, кьурун михъалгун,
Кьалда камурав мун цеве чIун, ШапигI.
Хур чIаралей дунги, чIаголъун мунги,
ЧIирчIилел роолаб магъилъ хIанчIиги.
Гьедин чIаголъила жеги хадувги
Дур рахъалъан хъварал дир кагътазулъ мун.
Цо-цояз абила: «Къаникь рукъараз
Къалам кин босулеб, кагъат кин хъвалеб?»
Гьезда бичIчIа абе дунго хвезегIан,
Дир хиялазулъ мун чIаго вугевлъи.
… Мун гьадаб рагъулъе сапар бухьараб
Сипаталда вуго аскIов вачIунев.
Гьадаб бахIарлъиги, гьадаб бухIиги,
Беразда гьалдолеб гьадаб рокьиги,
Кьунсрузда бетараб ганчIилаб хIурги,
ГIурухъе чармилал ччорбил гъуждулги,
Гьадабго къого сон – къабукъараб цIум,
Дир къасдалъги даим – гьедин вугев мун.
«Гъудул, мун херлъулей щай хехго?» - абун,
Дир хъахIал расазда хъвана дуца квер.
«Мун свакан йикъулин, хIухьбахъе», - абун
ХIалимго валагъун чIана дир бадив…
Дун радал йорчIана гьалдолеб ракIгун,
ГьанжегIагар мунгун макьилъги кIалъан.
Гьединго чан нухалъ хиялазулъги,
Хирияв, дир бадив мун валагъарав?
ЦохIо макьилъ гуро, гIумруялдаги
ГIолохъанго вуго мун даим дие.
Мех-мехалъ рагIула, кисаналиго,
Дур квартIил кIутIиги, кIутIбузул хIухьги,
Ва дуца гьикъулеб бугилан ккола:
«Кин йигей, хирияй? Дун кIочанищан?
Ниж рагъда чIваразул рухIал чIаголъун,
ЧIечIого нужехъе роржунел ругин.
Ниж ганчIазде руссун, сиязде рахун,
Щибаб шагъаралда, росабалъ ругин,
Ниж даим хвечIел цIарал нахъе тун,
ЦIадулал рагъазда къанщарал васал
Ракьалда риххарал гьал хабзалалъан
Хириялщиназухъ ралагьун ругин…»
Дида дур гьеб калам къойил рагIула,
РикIкIадасан балеб ахIи гIадинан.
Ихдал магъилъ тIугьдул ралагьула дихъ,
Дур берал гIадинан гIащикьго урхъун.
Гьанже дихъ гIенекке, хирияв ШапигI.
Дур даим гьикъулел гьал суалазе
Жаваблъун букIине битIилин кагъат.
Кагътида тIад хъвазе адрес лъаларо
Азарго батIияб шагьаралдаги,
Щибаб рагъ боркьараб росдал бакьулъги,
ГанчIидеги сверун буго дур сурат.
Гьединлъидал дица хъахIил зодихъе,
ХъахIаб миккилъун тела гьаб боржине.
Биччанте рещтIине бокьараб сиде,
Солдатазе рарал памятниказул.
Дуца цIалиларо дир цIадул мухъал,
ЦIализе риччан те тIолго дунялалъ.
Дурги дирги рокьул кьалалъ къотIараб
Къиса гIадамазда биччай рагIизе.
«Хирияв, жегиги дун чIаго йиго ракьалда
Дуца чIарал гъутIбузе хъулухъалда яхъун чIун.
Дуца чIвараб хъахIаб шал рагъалъ чIегIер белъана,
БитIун къого сон байдал къороллъун хутIана дун.
Мун чIванилан чIегIераб кагъат бачIараб къоялъ
Каранлъе рехараб цIа жегиги сунеб гьечIо.
Дида ккана доб къоялъ дир бакъ тIубан щинкIанин,
ТIогьолъ ругел гъутIбузде гъараяб горо банин.
Буран хIалакун хадуб хIанчIил бусен гIадинан,
ГIасияб гьури речIчIун, нилъер руссен щущанин.
Щибизе, мунги камун, канлъийлан гIодана,
ГIолохъанго дир рокьи кьалалъ чIванин угьдана
Гьеб балагьаб гьоролъан дур гьаракь чIвана гIинда.
«Дун хунилан къулуге, къвакIе мун чаран гIадин!
Дир чорхол бахIарлъиги ракIалъул хIайранлъиги,
ХIасратаб нилъер рокьул кьолбода кIанцIараб чIор –
Дида жеги вихьичIев, нахъеги вихьиларев
Васасул букIинесеб буго духъе кьун толеб».
Дица гъуждул гурана, дурабги гучги баччун,
Дица гамачI бекIкIана, дур квартIаги кодоб ккун.
Дир каранда кIутIана кIиго ракI – дурги дирги,
Дир хиялалъ журана дур хутIарал анищал.
Дица гIезе гьавуна, суратАлда гурони
Солдат – эмен вихьичIев нилъер цохIо вугев вас.
ЦохIого вукIунилан гогьдаризе гьавичIо,
Дур ганчIилаб кьваригун, кьуна дирго недегьлъи.
Дур бахIарай къоролай къуркьичIо сундуего.
«КъвакIун чIаян» гIадада абичIо дуца дида.

***Фазу ГIАЛИЕВА***



Совет Союзалъул БахIарчи МухIамад ХIамзатов.



Совет Союзалъул БахIарчи МухIамад ХIажиев.



МухIамад ХIажиевасул лъелъ букъун хьвадулеб гамил рагъ.



Совет Союзалъул БахIарчи ГIабдурахIман ГIабдулаев.

*ДРялъул Миллияб музеялъул фондалдаса. Джемалил суратал*

ХIАКЪИКЪАТ

**БетIерай редактора-лъул ишал тIуразарулей**
ХIАЖИЕВА Зульфия Багъатаровна
65-00-66

**Заместитель**
Зикрула ИЛЬЯСОВ

**Жавабияв секретарь**
МухIамадхIабиб МАХIАТIОВ

**Отделал:**
**Тарих**
Редактор:
**Пайзула ПАЙЗУЛАЕВ**
МухIамад Манапов

**Информация, политика, гIелму ва лъай кьей**
Редактор:
**Кавсарат Сулейманова**
Ашахан Юсупов
Рукъият ГIалисултанова

**РухIияб хазина**
Редактор:
**ПатIимат ГьитIинова**
ПатIимат СултIанмухIамадова

**Адабият**
Шамай Хъазанбиева

**Росдал магIишат**
Редактор:
**ГIабаш ГIабашилов**
ПатIимат МухIамаева

**ЦIалдолезул кагътал**
Нури Нуриев
ГIайшат ХIалакъова

**Корректор**
Хадижат Дамаданова

**Социалиял гьинал, IT-технологиял**
МухIамадкарим ХIамзаев

Электронияб почалъул адрес:
**hakikat1917@mail.ru**
**www.hakikat.info**

Заказ №____
Печаталъе гъулбасана - 20.00
Гъулбасана - 19.00

**РЕДАКЦИЯЛЪУЛ ВА ИЗДАТЕЛЬСТВОЯЛЪУЛ АДРЕС:**
367018 МахIачхъала, Насрудиновасул проспект, I-А
Газета къватIибе биччана «Лотос» басмахана» ОООялъ
367000, МахIачхъала Пушкинил къватI, 6

«ХIАКЪИКЪАТ» ГАЗЕТА ГIУЦIАРАЛ:
ДРялъул Информациялъулгун печаталъул агентство

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД от 21.05.2019 г.
Регистрационный номер ПИ № ТУ05-00427

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, бальголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.
Редакциялъ кидаго гуро макъалаялъул авторасул пикру гIахьал гьабулеб

**Тираж - 5009**
Газеталъул индекс: 51314 (бащдаб лъагIалие)

Багьа 15 гъурущ

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Заман», «Аваристан», «ХIалтIулел чагIи», «БагIарал мугIрул», «МагIарул мискинзаби», «МагIарулав», «Социализмалъул байрахъ», «МагIарул большевик», «Дагъистаналъул правда», «БагIараб байрахъ».